This document is part of The Vaynakh Vault archive
You can contribute right now to the conservation of our heritage at vayvault.com

| | |
|---|---|
| **Дуьххьара – Іакъидат**<br><br>Іакъидатах коьрта дерг хаттар-жоьпаца | **الْعَقِيدَةُ أَوَّلًا**<br><br>مُهِمَّاتُ الْعَقِيدَةِ فِي سُؤَالٍ وَجَوَابٍ |
| **Яздинарг: Абу Ю́суф Мухьаммад ибн ТІахІа** | تَأْلِيفُ: أَبُو يُوسُفُ مُحَمَّدِ بْنِ طَهَ |

***Гочдинарг: Нурдин кІант Іадлан***

www.heham.tv

# Гочдархочун дешхьалхе

Хастам бу вай кхоьллинчу АллахIна. АллахIера салават а, салам а хуьйла вайна нийса Iакъидат хьехначу Пайхамарна!

**Цул тIаьхьа!** Кху жайнахь хIокху кепара [] къовларшна юккъехь дерг ас тIеяздина къамел хир ду, жайна яздиначуьнан къамел дац.

АллахIе доьху ас, кху тIехь бина болх беркате бар а, кху белха тIехь долу сан гIалат билгалдеш хаам бинчух къинхетам бар а.

***<u>Гочдина ваьлла 14. 04. 2020 ш, делкъа хан хуьлуш.</u>***

| Дешхьалхе | مُقَدِّمَةٌ |
|---|---|
| АллахIана бу хастам, салават а, салам а хуьйла АллахIан Элчанна. Цул тIаьхьа: | الْحَمْدُ لِلَّهِ، وَالصَّلَاةُ وَالسَّلَامُ عَلَى رَسُولِ اللهِ، وَبَعْدُ: |
| ХIара дацдина жайна ду ахIлус-суннахI вал-жамаIатан Iакъидат юьйцуш, | فَهَذَا مُخْتَصَرٌ فِي عَقِيدَةِ أَهْلِ السُّنَّةِ وَالْجَمَاعَةِ، |
| и сийлахь Iилма Iамо волалучунна ас яздина долу, | وَضَعْتُهُ لِلنَّاشِئِينَ الْمُبْتَدِئِينَ فِي هَذَا الْعِلْمِ الشَّرِيفِ، |
| Лекха волчу АллахIе доьху ас хIара пайде дар. | أَسْأَلُ اللهَ تَعَالَى أَنْ يَنْفَعَ بِهِ. |
| **Абу Ю́суф Мухьаммад ибн ТIахIа**<br>**3-гIа шавва́л 1436 хI.**<br>**07.09.2015 ш. нислуш долу** | **أَبُو يُوسُفُ مُحَمَّدِ بْنِ طَهَ**<br>**الثالث من شهر شوال 1436هـ**<br>**الموافق التاسع عشر من شهر يوليو 2015م** |

| | |
|---|---|
| **Хьалхара хаттар: Исламан маса бӀогӀам бу?** | **السُّؤَالُ الْأَوَّلُ: مَا هِيَ أَرْكَانُ الْإِسْلَامِ؟** |
| **Жоп:** Исламан пхи бӀогӀам бу. | **الْجَوَابُ**: أَرْكَانُ الْإِسْلَامِ خَمْسَةٌ، |
| АллахӀан Элчано (саллаллахӀу ӀалайхӀи ва саллам) аьлла: **«Ислам – иза шена лолла дан хьакъ волуш, АллахӀ воцург, кхин дела вац, Мухьаммад (саллаллахӀу ӀалайхӀи ва саллам) АллахӀан Элча ву аьлла ахь тоьшалла дар а,** | قَالَ رَسُولُ اللهِ ﷺ: **الْإِسْلَامُ: أَنْ تَشْهَدَ أَنْ لَاإِلَهَ إِلَّا اللهُ وَأَنَّ مُحَمَّدًا رَسُولُ اللهِ ﷺ،** |
| **ламаз дар а, закат даккхар а,** | **وَتُقِيمَ الصَّلَاةَ، وَتُؤْتِيَ الزَّكَاةَ،** |
| **мархийн бутт кхабар а, хьаж-цӀа вахар а ду, некъехьара цига ваха хьайн ницкъ кхачахь».**[1] | **وَتَصُومَ رَمَضَانَ، وَتَحُجَّ الْبَيْتَ إِنِ اسْتَطَعْتَ إِلَيْهِ سَبِيلًا**. (صحيح: مسلم: 8) |
| Ибн Iумара (АллахӀ реза хуьйла цушинна) дийцина, АллахӀан Элчано (саллаллахӀу ӀалайхӀи ва саллам) элира аьлла: | وَعَنِ ابْنِ عُمَرَ رَضِيَ اللهُ عَنْهُمَا، أَنَّ رَسُولَ اللهِ ﷺ قَالَ: |
| **«Ислам дин пхеа хӀуманна тӀедоьгӀна ду:** | **بُنِيَ الإِسْلَامُ عَلَى خَمْسٍ:** |

[1] Сахьи́хь: Муслим: 8

| | |
|---|---|
| **шена лолла дан хьакъ волуш, АллахӀ воцург, кхин дела вац, Мухьаммад (саллаллахӀу ӀалайхӀи ва саллам) АллахӀан Элча ву аьлла ахь тоьшалла дар,** | **شَهَادَةِ أَنْ لَاإِلَهَ إِلَّا اللهُ وَأَنَّ مُحَمَّدًا رَسُولُ اللهِ ﷺ،** |
| **ламаз дар, закат даккхар,** | **وَإِقَامِ الصَّلَاةِ، وَإِيتَاءِ الزَّكَاةِ،** |
| **хьаж дар, мархийн бутт кхабар».[2]** | **وَالْحَجِّ، وَصَوْمِ رَمَضَانَ.** (صحيح: البخاري: 8، ومسلم: 16) |
| **ШолгӀа хаттар: «Шена лолла дан хьакъ волуш, АллахӀ воцург, кхин дела вац» бохучух луург хӀун ду?** | **السُّؤَالُ الثَّانِي: مَا مَعْنَى (أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللهُ)؟** |
| **Жоп:** Цунах луург - маттаца мукӀарло дар а, дагца тешар а ду, | **الْجَوَابُ:** مَعْنَاهَا الْإِقْرَارُ بِاللِّسَانِ وَالْإِيمَانُ بِالْقَلْبِ |
| шена лолла дан хьакъ волуш, Лекха волу АллахӀ воцург, кхин дела цахиларх, | أَنَّهُ لَا مَعْبُودَ بِحَقٍّ إِلَّا اللهُ تَعَالَى، |
| Лекха волу АллахӀ воцург а, шайна лолла дийриш белахь, амма бакъонца деш дац царна и, | فَإِنَّهُ وَإِنْ كَانَتْ هُنَاكَ مَعْبُودَاتٌ تُعْبَدُ مِنْ دُونِ اللهِ تَعَالَى إِلَّا أَنَّهَا مَعْبُودَاتٌ بَاطِلَةٌ، |

[2] Сахьи́хь: Буха́рий: 8. Муслим: 16

| | |
|---|---|
| ткъа бакъонца шена лолла дийриг Лекха волу цхьа АллахI ву, | وَأَمَّا الْمَعْبُودُ بِحَقٍّ فَهُوَ اللهُ تَعالَى وَحْدَهُ، |
| Лекха волчо ма-аллара: **«Иза АллахI хилар ду бакъ верг,** | كَمَا قَالَ تَعالَى: ﴿ذَٰلِكَ بِأَنَّ ٱللَّهَ هُوَ ٱلْحَقُّ |
| **ткъа АллахI а витина, цара доьхуш берш харц хиларна а ду,** | وَأَنَّ مَا يَدْعُونَ مِن دُونِهِۦ هُوَ ٱلْبَٰطِلُ |
| **Лекхахь а, Воккха а верг АллахI хиларна а ду».**[3] | وَأَنَّ ٱللَّهَ هُوَ ٱلْعَلِيُّ ٱلْكَبِيرُ ۝٦٢﴾ (سُورَةُ الحَجّ، 62) |
| **Кхозлагlа хаттар: «Шена лолла дан хьакъ волуш, АллахI воцург, кхин дела вац» бохучу дешнийн бlогlамаш муьлхурш ду?** | **السُّؤَالُ الثَّالِثُ: مَا هِيَ أَرْكَانُ (لَاإِلَهَ إِلَّا اللهُ)؟** |
| **Жоп:** Цуьнан ши бlогlам бу: | **الْجَوَابُ**: أَرْكَانُهَا اثْنَانِ: |
| Хьалхара бlогlам: Дацаре дар. | الرُّكْنُ الْأَوَّلُ: النَّفْيُ: |
| И бохург, Лекха волу АллахI воцчуьнгара, массаьргара а делалла дацаре дар ду, | أَيْ: نَفْيُ الْإِلَهِيَّةِ عَنْ كُلِّ مَا سِوَى اللهِ تَعَالَى، |

[3] Сурат: Хьажж, аят: 62

| | |
|---|---|
| ахь олуш долу дешнашца: «Шена лолла дан хьакъ волуш кхин дела вац». | بِقَوْلِكَ: (لَا إِلَهَ). |
| ШолгIа бIогIам: Сацор ду. | الرُّكْنُ الثَّانِي: الْإِثْبَاتُ: |
| И бохург, делалла цхьана АллахIана сацор ду, | أَيْ: إِثْبَاتُ الْإِلَهِيَّةِ لِلَّهِ وَحْدَهُ، |
| ахь олуш долу дешнашца: «АллахI воцург». | بِقَوْلِكَ: (إِلَّا اللهُ). |
| **ДоьалгIа хаттар: «Шена лолла дан хьакъ волуш, АллахI воцург, кхин дела вац» бохучу дешнийн бехкамаш муьлхурш бу?** | **السُّؤَالُ الرَّابِعُ: مَا هِيَ شُرُوطُ (لَاإِلَهَ إِلَّا اللهُ)؟** |
| **Жоп:** Цуьнан ворхI бехкам бу, Шайх Хьафиз Ахьмад Хьакамис (АллахIа къинхетам бойла цунах) «Сулламул-вусу́л» олучу шен жайнахь уьш хьаха ма-барра. Цо аьлла: | **الْجَوَابُ:** لَهَا سَبْعَةُ شُرُوطٍ ذَكَرَهَا الشَّيْخُ حَافِظُ أَحْمَدُ حَكَمِيٌّ رَحِمَهُ اللهُ فِي مَنْظُومَتِهِ (سُلَّمُ الْوُصُولِ) حَيْثُ قَالَ: |

| | |
|---|---|
| «Цуьнан маьӀна хаар, цунах шеконехь цахилар, иза, юха а ца тухуш, къобалдар, цо чулоцург тӀеэцар, дагца иза бакъдар, иза цхьана АллахӀана хилийтар, иза дезаш хилар. АллахӀа Шена дезачунна хьо тӀенисварг, кхеталахь ас бохучух». | الْعِلْمُ وَالْيَقِينُ وَالْقَبُولْ<br>وَالْانْقِيَادُ فَادْرِ مَا أَقُولُ<br>وَالصِّدْقُ وَالْإِخْلَاصُ وَالْمَحَبَّةْ<br>وَفَّقَكَ اللهُ لِمَا أَحَبَّهْ |
| **Хьалхара бехкам: МаьӀна хаар.** | **فَالشَّرْطُ الْأَوَّلُ**: (**الْعِلْمُ**): |
| Адамна хаа деза цу «шена лолла дан хьакъ волуш, АллахӀ воцург, кхин дела вац» бохучу дешнийн маьӀна. | فَلَا بُدَّ أَنْ يَكُونَ الْإِنْسَانُ عَالِمًا بِمَعْنَى (لَاإِلَهَ إِلَّا اللهُ). |
| Лекха волчо ма-аллара: **«Хьуна хаийла, шена лолла дан хьакъ волуш, АллахӀ воцург, кхин дела цахилар».[4]** | كَمَا قَالَ تَعَالَى: ﴿فَٱعْلَمْ أَنَّهُۥ لَآ إِلَٰهَ إِلَّا ٱللَّهُ﴾ (سُورَةُ مُحَمَّدٍ، 19) |
| Кхин а аьлла Лекха волчо: **«Бакъ долчуьнца тоьшалла динчунна бен».** | وَقَالَ تَعَالَى: ﴿إِلَّا مَن شَهِدَ بِٱلْحَقِّ﴾ |
| И бохург, «шена лолла дан хьакъ волуш, АллахӀ воцург, кхин дела вац» бохучу дешнашца. | أَيْ: بِـ(لَاإِلَهَ إِلَّا اللهُ)، |

[4] Сурат: Мухьаммад, аят: 19

| | |
|---|---|
| **«Уьш хууш а болуш».**[5] | ﴿وَهُمۡ يَعۡلَمُونَ ۝٨٦﴾ (سُورَةُ الزُّخْرُفِ، 86) |
| Цуьнан маьIна: Шайн меттанашца шаьш аьллачуьнан маьIна шайн дегнашца хууш болуш бохург ду. | أَيْ: يَعْلَمُونَ بِقُلُوبِهِمْ مَعْنَى مَا نَطَقُوا بِهِ بِأَلْسِنَتِهِمْ. |
| Iусма́н ибн Iаффа́на (АллахI реза хуьйла цунна) дийцина, АллахIан Элчано (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) элира аьлла: | وَعَنْ عُثْمَانَ بْنِ عَفَّانَ رَضِيَ اللهُ عَنْهُ قَالَ: قَالَ رَسُولُ اللهِ ﷺ: |
| **«Шена лолла дан хьакъ волуш, АллахI воцург, кхин дела ваций хууш а волуш велларг ялсамане гIур ву».**[6] | **مَنْ مَاتَ وَهُوَ يَعْلَمُ أَنَّهُ لَاإِلَهَ إِلَّا اللهُ دَخَلَ الْجَنَّةَ.** (صحيح: مسلم: 26) |
| **ШолгIа бехкам: Шеконехь ца хилар.** | **الشَّرْطُ الثَّانِي:** (الْيَقِينُ): |
| Цу дешнийн хьокъехь шек воцуш, догтешна хила веза. | فَلَا بُدَّ أَنْ يَكُونَ قَائِلُهَا مُسْتَيْقِنًا بِهَا غَيْرَ شَاكٍّ فِيهَا. |
| Лекха волчо ма-аллара: **«Баккъал а, муъмин нах - АллахIах а, Цуьнан Элчанах а теша а тешна, цул тIаьхьа шеко ца хилларш бу».**[7] | كَمَا قَالَ تَعَالَى: ﴿إِنَّمَا ٱلۡمُؤۡمِنُونَ ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ بِٱللَّهِ وَرَسُولِهِۦ ثُمَّ لَمۡ يَرۡتَابُواْ﴾ (سُورَةُ الحُجُرَاتِ، 15) |

[5] Сурат: Зухруф, аят: 86
[6] Сахьи́хь: Муслим: 26
[7] Сурат: Хьужура́т, аят: 15

| | |
|---|---|
| Цуьнан маьIна: Цу хьокъехь шеко ца кхоллаелларш бу. | أَيْ: لَمْ يَشُكُّوا. |
| Абу ХIурайрата (АллахI реза хуьйла цунна) дийцина, АллахIан Элчано (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) элира аьлла: | وَعَنْ أَبِي هُرَيْرَةَ رَضِيَ اللهُ عَنْهُ قَالَ: أَنَّ رَسُولَ اللهِ ﷺ قَالَ: |
| **«Шена лолла дан хьакъ волуш, АллахI воцург, кхин дела вац, со - АллахIан Элча а ву бохучу дешнашца АллахIана дуьхьалкхетар ма вац цхьа а лай, шен дагчохь цу хьокъехь шеко а йоцуш и хиллехь,** | **أَشْهَدُ أَنْ لَاإِلَهَ إِلَّا اللهُ وَأَنِّي رَسُولُ اللهِ، لَا يَلْقَى اللهَ بِهِمَا عَبْدٌ غَيْرَ شَاكٍّ فِيهِمَا،** |
| **ялсамане вахний бен».**[8] | **إِلَّا دَخَلَ الْجَنَّةَ.** (صحيح: مسلم: 27) |
| Кхин а Абу ХIурайрата (АллахI реза хуьйла цунна) дийцина, АллахIан Элчано (саллаллахIу IалайхIи ва саллам), шен ши мача дIа а елла, элира: | وَعَنْ أَبِي هُرَيْرَةَ رَضِيَ اللهُ عَنْهُ، أَنَّ رَسُولَ اللهِ ﷺ أعطاه نعليه، وقال له: |
| **«Хьада вало, хIара сан ши мача а эций,** | **اذْهَبْ بِنَعْلَيَّ هَاتَيْنِ** |

[8] Сахьи́хь: Муслим: 27

| | |
|---|---|
| **оцу бешал дехьа, дагчохь шеко а йоцуш, шена лолла дан хьакъ волуш, АллахI воцург, кхин дела вац аьлла тоьшалла дечуьнга** | **فَمَنْ لَقِيتَ مِنْ وَرَاءِ هذَا الْحَائِطِ يَشْهَدُ أَنْ لَاإِلَهَ إِلَّا اللهُ مُسْتَيْقِنًا بِهَا قَلْبُهُ** |
| **ялсаманица кхаъ баккха».**[9] | **فَبَشِّرْهُ بِالْجَنَّةِ.** (صحيح: مسلم: 31) |
| **КхозлагIа бехкам: Юха а ца тухуш, къобалдар.** | **الشَّرْطُ الثَّالِثُ: (الْقَبُولُ):** |
| Цунах луург - и дешнаш олуш волчо шен дагца а, шен маттаца а уьш къобалдар ду. | بِمَعْنَى أَنْ يَكُونَ قَائِلُهَا قَابِلًا لَهَا بِقَلْبِهِ وَلِسَانِهِ، |
| Лекха волчу АллахIера а, Цуьнан Элчанера а (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) схьадеъначух хIумма а юха ца тохар, | فَلَا يَرُدُّ شَيْئًا مِمَّا جَاءَ عَنِ اللهِ تَعَالَى وَلَا عَنْ رَسُولِهِ ﷺ، |
| шен дагца а, я шен маттаца а. | لَا بِقَلْبِهِ وَلَا بِلِسَانِهِ. |
| Лекха волчо муъмин нахах ма-аллара: | كَمَا قَالَ تَعَالَى عَنِ الْمُؤْمِنِينَ: |
| **«Элчано иман диллина шен Делера шега доссийначу Къуръане, муъмин наха а диллина.** | ﴿ءَامَنَ ٱلرَّسُولُ بِمَآ أُنزِلَ إِلَيۡهِ مِن رَّبِّهِۦ وَٱلۡمُؤۡمِنُونَۚ |

[9] Сахьи́хь: Муслим: 31

| | |
|---|---|
| **Массара а иман диллина цара АллахӀе а, Цуьнан маликашка а,** | كُلٌّ ءَامَنَ بِٱللَّهِ وَمَلَٰٓئِكَتِهِۦ |
| **Цуьнан жайнашка а, Цуьнан элчанашка а.** | وَكُتُبِهِۦ وَرُسُلِهِۦ |
| **(Цара элира:) «Къестамаш а ца бо оха Цуьнан элчанашна юкъахь».** | لَا نُفَرِّقُ بَيْنَ أَحَدٍ مِّن رُّسُلِهِۦۚ |
| **Цара элира: «ЛадугӀуш а ду тхо, муьтӀахь а ду тхо!** | وَقَالُواْ سَمِعْنَا وَأَطَعْنَاۖ |
| **Хьан гечдар доьху оха Хьоьга, тхан Дела! Доьрзийла а Хьоьга ю-кх тхан».[10]** | غُفْرَانَكَ رَبَّنَا وَإِلَيْكَ ٱلْمَصِيرُ ﴿٢٨٥﴾ (سُورَة البَقَرَة، 285) |
| **БоьалгӀа бехкам: Цо чулоцург тӀеэцар.** | **الشَّرْطُ الرَّابِعُ: (الْانْقِيَادُ):** |
| Цунах луург - муьтӀахь хилар ду. | أَيْ: الْاسْتِسْلَامُ، |
| И дешнаш олуш верг муьтӀахь хила везаш ву-кх шегара гуш долчу белхашца АллахӀана а, Цуьнан Элчанна а. | فَلَا بُدَّ أَنْ يَكُونَ قَائِلُهَا مُسْتَسْلِمًا بِأَفْعَالِهِ الظَّاهِرَةِ لِلَّهِ وَلِرَسُولِهِ. |

[10] Сурат: БакъарахI, аят: 285

| | |
|---|---|
| Лекха волчо ма-аллара: **«Шен юьхь АллахIана муьтIахь йинарг, ша Дела цхьаъвеш а волуш, -** | كَمَا قَالَ تَعَالَى: ﴿وَمَن يُسۡلِمۡ وَجۡهَهُۥٓ إِلَى ٱللَّهِ وَهُوَ مُحۡسِنٞ |
| **цо тешаме тIам лаьцна.** | فَقَدِ ٱسۡتَمۡسَكَ بِٱلۡعُرۡوَةِ ٱلۡوُثۡقَىٰۗ |
| **Ткъа массо белхан тIаьхье АллахIехь ю».**[11] | وَإِلَى ٱللَّهِ عَٰقِبَةُ ٱلۡأُمُورِ ٢٢﴾ (سُورَةُ لُقْمَانَ، 22) |
| Цуьнан маьIна - Лекха волчу АллахIана муьтIахь хилларг, | أَيْ: مَنْ يَسْتَسْلِمْ لِلَّهِ تَعَالَى |
| и ву-кх тешаме тIам лаьцнарг, | فَهُوَ الْمُسْتَمْسِكُ بِالْعُرْوَةِ الْوُثْقَى، |
| и тIам - «шена лолла дан хьакъ волуш, АллахI воцург, кхин дела вац» боху дешнаш ду. | وَهِيَ (لَاإِلَهَ إِلَّا اللهُ). |
| «Цо чулоцург тIеэцар» бохучуьнан а, «иза, юха а ца тухуш, къобалдар» бохучуьнан а башхалла – | وَالْفَرْقُ بَيْنَ الْانْقِيَادِ وَالْقَبُولِ: |
| «иза, юха ца тухуш, къобалдар», дагца а, маттаца а хуьлу, | أَنَّ الْقَبُولَ يَكُونُ بِالْقَلْبِ وَاللِّسَانِ، |

[11] Сурат: Лукъма́н, аят: 22

| | |
|---|---|
| ткъа «цо чулоцург тӀеэцар» гуш деш долчу белхашкахь хуьлу. | وَالْانْقِيَادَ يَكُونُ بِالْأَفْعَالِ الظَّاهِرَةِ. |
| **ПхоьалгӀа бехкам: Дагца бакъдар** | **الشَّرْطُ الْخَامِسُ: (الصِّدْقُ):** |
| Цунах луург - и дешнаш олуш верг шен дагца царех тешаш хилар ду, | أَيْ: يَكُونُ قَائِلُهَا مُصَدِّقًا بِهَا بِقَلْبِهِ |
| уьш харцдеш а воцуш. | غَيْرَ مُكَذِّبٍ لَهَا. |
| Лекха волчо ма-аллара: **«Алиф лам мим. Нахана моьттура те, шаьш иман диллина аьлча, зен а ца зуьйш шаьш дуьтур ду?** | كَمَا قَالَ تَعَالَى: ﴿الٓمٓ ۝١ أَحَسِبَ ٱلنَّاسُ أَن يُتۡرَكُوٓاْ أَن يَقُولُوٓاْ ءَامَنَّا وَهُمۡ لَا يُفۡتَنُونَ ۝٢ |
| **Баккъал а, Оха зийна-кх царел хьалхарнаш а.** | وَلَقَدۡ فَتَنَّا ٱلَّذِينَ مِن قَبۡلِهِمۡۖ |
| **АллахӀана хаархьама даггара берш муьлш бу, харцлуьш берш а муьлш бу».**[12] | فَلَيَعۡلَمَنَّ ٱللَّهُ ٱلَّذِينَ صَدَقُواْ وَلَيَعۡلَمَنَّ ٱلۡكَٰذِبِينَ ۝٣﴾ (سُورَةُ العَنكَبُوتِ، 1-3) |
| Лекха волчо аьлла-кх, дагца тешаш а боцуш, Дела цхьаъваран дешнаш аьллачу мунафикъ нехан хьокъехь: | وَقَالَ تَعَالَى فِي شَأْنِ الْمُنَافِقِينَ الَّذِينَ قَالُوهَا كَذِبًا: |

[12] Сурат: Іанкабу́т, аят: 1-3

| | |
|---|---|
| **«Нахах бу-кх «АллахIах а, тIаьххьарчу дийнах теша тхо» олурш,** | ﴿وَمِنَ ٱلنَّاسِ مَن يَقُولُ ءَامَنَّا بِٱللَّهِ وَبِٱلۡيَوۡمِ ٱلۡأٓخِرِ |
| **делахь а, тешаш бац уьш.** | وَمَا هُم بِمُؤۡمِنِينَ ٨ |
| **АллахI а, иман диллинарш а Iехо гIерта уьш,** | يُخَٰدِعُونَ ٱللَّهَ وَٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ |
| **амма цара Iехориш шаьш бен бац,** | وَمَا يَخۡدَعُونَ إِلَّآ أَنفُسَهُمۡ |
| **цунах кхеташ бац-кх уьш.** | وَمَا يَشۡعُرُونَ ٩ |
| **Церан дегнашкахь цамгар ю,** | فِي قُلُوبِهِم مَّرَضٞ |
| **тIаккха АллахIа кхин а совйоккху церан и цамгар,** | فَزَادَهُمُ ٱللَّهُ مَرَضٗاۖ |
| **лазаме хин долу Iазап ду царна,** | وَلَهُمۡ عَذَابٌ أَلِيمُۢ |
| **уьш тешаш цахилар бахьанехь».[13]** | بِمَا كَانُواْ يَكۡذِبُونَ ١٠﴾ (سُورَةُ البَقَرَةِ، 8-10) |

[13] Сурат: БакъарахI, аят: 8-10

| | |
|---|---|
| Анас ибн Ма́лика (АллахӀ реза хуьйла цунна) дийцина, Пайхамара (саллаллахӀу ӀалайхӀи ва саллам) элира аьлла, МуӀа́з цуьнца цхьана хьайбанна тӀехь а волуш: | وَعَنْ أَنَسِ بْنِ مَالِكٍ رَضِيَ اللهُ عَنْهُ، أَنَّ النَّبِيَّ ﷺ، وَمُعَاذٌ رَدِيفُهُ عَلَى الرَّحْلِ، قَالَ: |
| **«ХӀай МуӀа́з ибн Жабал».** | **يَامُعَاذَ بْنَ جَبَلٍ،** |
| МуӀа́за жоп делира: «МуьтӀахь а хилла, хьуна хьалха ву-кх со, хӀай АллахӀан Элча». | قَالَ: لَبَّيْكَ يَا رَسُولَ اللهِ وَسَعْدَيْكَ، |
| Пайхамара юха а элира: **«ХӀай МуӀа́з».** | قَالَ: **يَامُعَاذُ،** |
| МуӀа́за юха а жоп делира: «МуьтӀахь а хилла, хьуна хьалха ву-кх со, хӀай АллахӀан Элча». Иштта кхузза хилира иза. | قَالَ: لَبَّيْكَ يَارَسُولَ اللهِ وَسَعْدَيْكَ، ثَلَاثًا، |
| Пайхамара элира: **«Цхьа а ма вац шен цӀеначу даггара тоьшалла деш: «Шена лолла дан хьакъ волуш, АллахӀ воцург, кхин дела вац, ткъа Мухьаммад - АллахӀан Элча ву», - аьлла,** | **قَالَ: مَامِنْ أَحَدٍ يَشْهَدُ أَنْ لَاإِلَهَ إِلَّا اللهُ وَأَنَّ مُحَمَّدًا رَسُولُ اللهِ، صِدْقًا مِنْ قَلْبِهِ،** |

| | |
|---|---|
| **АллахIа жоьжахатин иза хьарам вина бен».**[14] | إِلَّا حَرَّمَهُ اللهُ عَلَى النَّارِ. (صحيح: البخاري: 128) |
| **ЯлхалгIа бехкам: Иза - цхьана АллахIана хилийтар.** | **الشَّرْطُ السَّادِسُ: (الْإِخْلَاصُ):** |
| Цунах луург - ширкан дерриге дакъошха Iамал цIанъяр ду. | وَهُوَ تَصْفِيَةُ الْعَمَلِ عَنْ جَمِيعِ شَوَائِبِ الشِّرْكِ. |
| Лекха волчо аьлла: **«Цаьрга омра дина ма дацара лолла АллахIана де аьлла бен,** | قَالَ تَعَالَى: ﴿وَمَآ أُمِرُوٓاْ إِلَّا لِيَعۡبُدُواْ ٱللَّهَ |
| **шайн дин Цуьнца накъост варх цIандеш, тIетевжуш (Ибра́хIи́ман а, Мухьаммадан а динна)».**[15] | مُخۡلِصِينَ لَهُ ٱلدِّينَ حُنَفَآءَ﴾ (سُورَةُ البَيِّنَةِ، 5) |
| Кхин а аьлла Лекха волчо: **«АллахIана хила дезаш дац ткъа лолла дар а, муьтIахь хилар а, Цуьнца накъост ца лоцуш?!».**[16] | وَقَالَ تَعَالَى: ﴿أَلَا لِلَّهِ ٱلدِّينُ ٱلۡخَالِصُ﴾ (سُورَةُ الزُّمَرِ، 3) |

[14] Сахьи́хь: Буха́рий: 128
[15] Сурат: БаййинахI, аят: 5
[16] Сурат: Зумар, аят: 3

| | |
|---|---|
| Кхин а аьлла Лекха волчо: **«Ахь ала: «Лолла АллахӀана деш ву со, Цуьнца накъост лацарх сайн дин цӀандеш»».[17]** | وَقَالَ تَعَالَى: ﴿قُلِ ٱللَّهَ أَعۡبُدُ مُخۡلِصٗا لَّهُۥ دِينِي ١٤﴾ (سُورَةُ الزُّمَرِ، 14) |
| Абу ХӀурайрата (АллахӀ реза хуьйла цунна) дийцина, Пайхамара (саллаллахӀу ӀалайхӀи ва саллам) элира аьлла: | وَعَنْ أَبِي هُرَيْرَةَ رَضِيَ اللهُ عَنْهُ، أَنَّ النَّبِيَّ ﷺ، قَالَ: |
| **«Къемат-дийнахь сан шафаӀатца уггаре ирсе хин верг –** | **أَسْعَدُ النَّاسِ بِشَفَاعَتِي يَوْمَ الْقِيَامَةِ،** |
| **цӀеначу даггара - «шена лолла дан хьакъ волуш, АллахӀ воцург, кхин дела вац», - аьлларг ву».[18]** | **مَنْ قَالَ لَاإِلَهَ إِلَّا اللهُ خَالِصًا مِنْ قَلْبِهِ، أَوْ نَفْسِهِ.** (صحيح: البخاري: 99) |
| **ВорхӀалгӀа бехкам: Иза - дезаш хилар.** | **الشَّرْطُ السَّابِعُ: (الْمَحَبَّةُ):** |
| Цунах луург - и дешнаш дезар кхин мел долу хӀума дезарал а хьалхадаккхар. | أَيْ: تَقْدِيمُ مَحَبَّةِ هَذِهِ الْكَلِمَةِ عَلَى مَحَبَّةِ كُلِّ مَا سِوَاهَا. |

[17] Сурат: Зумар, аят: 14
[18] Сахьи́хь: Буха́рий: 99

| | |
|---|---|
| Лекха волчо ма-аллара: **«Нахах бу, АллахI воцург, шайна делий лоьцурш,** | كَمَا قَالَ تَعَالَى: ﴿وَمِنَ ٱلنَّاسِ مَن يَتَّخِذُ مِن دُونِ ٱللَّهِ أَندَادًا |
| **царна уьш дукха а беза, АллахI ма-веззара,** | يُحِبُّونَهُمْ كَحُبِّ ٱللَّهِۖ |
| **амма иман диллиначарна АллахI чIогIох веза».**[19] | وَٱلَّذِينَ ءَامَنُوٓاْ أَشَدُّ حُبًّا لِّلَّهِۗ﴾ (سُورَةُ البَقَرَة، 165) |
| **ПхоьалгIа хаттар: Иманан бIогIамаш муьлхурш бу?** | **السُّؤَالُ الْخَامِسُ: مَا هِيَ أَرْكَانُ الْإِيمَانِ؟** |
| **Жоп:** Иманан ялх бIогIам бу. | **الْجَوَابُ:** أَرْكَانُ الْإِيمَانِ سِتَّةٌ، |
| АллахIан Элчано (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) аьлла: | قَالَ رَسُولُ اللهِ ﷺ: |
| **«Иман - хьо АллахIах тешар ду, Цуьнан маликех а,** | **الْإِيمَانُ: أَنْ تُؤْمِنَ بِاللهِ، وَمَلَائِكَتِهِ،** |
| **Цуьнан жайнех а, Цуьнан элчанех а,** | **وَكُتُبِهِ، وَرُسُلِهِ،** |

[19] Сурат: БакъарахI, аят: 165

| | |
|---|---|
| **тӀаьххьарчу дийнах а, кхелах а, дика елахь а, вон елахь а».[20]** | وَالْيَوْمِ الْآخِرِ، وَالْقَدَرِ خَيْرِهِ وَشَرِّهِ.<br>(صحيح: مسلم: 8) [واللفظ للترمذي: 2610، وصححه الألباني في إرواء الغليل: 32/1] |
| **ЯлхалгӀа хаттар: «АллахӀах тешар» бохучуьнан маьӀна муха ду?** | **السُّؤَالُ السَّادِسُ: مَا مَعْنَى الْإِيمَانِ بِاللهِ؟** |
| **Жоп:** АллахӀах тешаран маьӀна – | **الْجَوَابُ:** الْإِيمَانُ بِاللهِ مَعْنَاهُ: |
| ЦӀена а, Лекха а волу АллахӀ хиларх цхьа а шеко йоцуш тешар, | الْإِعْتِقَادُ الْجَازِمُ بِوُجُودِهِ سُبْحَانَهُ وَتَعَالَى، |
| олаллехь Иза цхьаъ хиларх а тешар, | وَرُبُوبِيَّتِهِ، |
| делаллехь Иза цхьаъ хиларх а тешар, | وَأُلُوهِيَّتِهِ، |
| цӀершкахь а, куьцашкахь а Иза цхьаъ хиларх тешар. | وَأَسْمَائِهِ وَصِفَاتِهِ. |

[20] Сахьи́хь: Муслим: 8 [Иштта кху дешнашца Тирмизис дийцина ду хӀара, 2610-гӀа лоьмарца, Албáнис сахьи́хь а дина «Ирвáул-гӀали́л» жайнахь, агӀо: 1/32]

| | |
|---|---|
| **ВорхIалгIа хаттар: Лекха волу АллахI волуш хиларан тоьшалла хIун ду?** | **السُّؤَالُ السَّابِعُ: مَا هِيَ أَدِلَّةُ وُجُودِ اللهِ تَعالَى؟** |
| **Жоп:** Лекха волу АллахI хилар гойту шарIо а, вешшехь дуьйна адамца хиллачу амало а, хьекъало а. | **الْجَوَابُ**: دَلَّ عَلَى وُجُودِ اللهِ تَعالَى الشَّرْعُ وَالْفِطْرَةُ وَالْعَقْلُ. |
| Ткъа шарIан тоьшаллаш дуккха а ду, царех ду Лекха волчуьнан дош: | فَأَمَّا أَدِلَّةُ الشَّرْعِ فَكَثِيرَةٌ، مِنْهَا قَوْلُهُ تَعالَى: |
| **«Баккъал а, шун Дела АллахI ву-кх, ялх дийнахь стигланаш а, латта а кхоьллина волу,** | ﴿إِنَّ رَبَّكُمُ ٱللَّهُ ٱلَّذِى خَلَقَ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضَ فِى سِتَّةِ أَيَّامٍ |
| **цул тIаьхьа Iарш тIе дIанисвелла волу,** | ثُمَّ ٱسْتَوَىٰ عَلَى ٱلْعَرْشِ ۖ |
| **буьйсане де хьулдойтуш волу, цушиннах хIораммо а важа сихонца лоьхуш,** | يُغْشِى ٱلَّيْلَ ٱلنَّهَارَ يَطْلُبُهُۥ حَثِيثًا |
| **малх а, бутт а, седарчий а болх беш ду Цуьнан омранца.** | وَٱلشَّمْسَ وَٱلْقَمَرَ وَٱلنُّجُومَ مُسَخَّرَٰتٍۭ بِأَمْرِهِۦٓ ۗ |
| **Ткъа Цуьнан дац кхоллар а, омра а?!** | أَلَا لَهُ ٱلْخَلْقُ وَٱلْأَمْرُ ۗ |

| | |
|---|---|
| **Беркате хили-кх АллахI, Iаламийн да волу».**[21] | تَبَارَكَ ٱللَّهُ رَبُّ ٱلْعَٰلَمِينَ ﴿٥٤﴾ (سُورَةُ الأَعْرَافِ، 54) |
| Кхин а ду Лекха волчуьнан дош: **«Баккъал а, шун Дела АллахI ву-кх, ялх дийнахь стигланаш а, латта а кхоьллина волу,** | وَقَوْلُهُ تَعَالَى: ﴿إِنَّ رَبَّكُمُ ٱللَّهُ ٱلَّذِى خَلَقَ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضَ فِى سِتَّةِ أَيَّامٍ |
| **цул тIаьхьа Iарш тIе дIанисвелла волу,** | ثُمَّ ٱسْتَوَىٰ عَلَى ٱلْعَرْشِ ۖ |
| **Цо лелош ду дерриге белхаш,** | يُدَبِّرُ ٱلْأَمْرَ ۖ |
| **шафаIат ден дерг вац, Цо пурба делча бен,** | مَا مِن شَفِيعٍ إِلَّا مِنۢ بَعْدِ إِذْنِهِۦ ۚ |
| **И АллахI ву шун Дела, тIаккха лолла Цунна де,** | ذَٰلِكُمُ ٱللَّهُ رَبُّكُمْ فَٱعْبُدُوهُ ۚ |
| **хьехаме ца хуьлу шу?!».**[22] | أَفَلَا تَذَكَّرُونَ ﴿٣﴾ (سُورَةُ يُونُسَ، 3) |
| Ткъа Лекха волу АллахI хиларан вешшехь дуьйна адамца хиллачу амалера тоьшалла: | وَأَمَّا دَلَالَةُ الْفِطْرَةِ عَلَى وُجُودِ اللهِ تَعَالَى: |

[21] Сурат: АIра́ф, аят: 54
[22] Сурат: Ю́нус, аят: 3

| | |
|---|---|
| «Иза хIора адаман кийрара хьашто ю, | فَهُوَ الْإِفْتِقَارُ الذَّاتِيُّ الْمَوْجُودُ دَاخِلَ نَفْسِ كُلِّ إِنْسَانٍ، |
| иза гучу а йолу баланаш, халонаш тIеIиттаелча, | وَيَظْهَرُ ذَلِكَ عِنْدَ الْابْتِلَاءَاتِ وَالشَّدَائِدِ، |
| халонаш, кхерамаш тIеIитталушшехь, адам Лекха волчу АллахIе кхайкха хIоттарца, | حَيْثُ يَلْجَأُ الْإِنْسَانُ عِنْدَ الْمَصَائِبِ وَالْمَخَاطِرِ إِلَى نِدَاءِ اللهِ تَعَالَى، |
| Цуьнга орца а цо дехарца, муьлхха а адам и делахь а: бусалба хуьйла иза я керста хуьйла. | وَالْاسْتِغَاثَةِ بِهِ كَائِنًا مَنْ كَانَ ذَلِكَ الْإِنْسَانُ مُؤْمِنًا أَوْ غَيْرَ مُؤْمِنٍ. |
| Массо адамера вешшехь дуьйна хилла амал халонехь гучуйолу, | فَفِي الشِّدَّةِ تَبْدُو فِطْرَةُ النَّاسِ جَمِيعًا |
| АллахIа адам иштта кхоьллина хиларх терра. | كَمَا هِيَ فِي أَصْلِهَا الَّذِي خَلَقَهَا اللهُ عَلَيْهِ، |
| Ткъа хало тIехъяьлча, | وَعِنْدَمَا تَمُرُّ الْمِحْنَةُ، |
| атто а, ниIмат а юхадирзича, | وَتَأْتِي الْعَافِيَةُ وَالنِّعْمَةُ، |
| юха а оцу шайн вешшехь дуьйна хиллачу амална бIостабовлу уьш. | يَعُودُونَ إِلَى مُخَالَفَةِ فِطْرَتِهِمْ مَرَّةً أُخْرَى، |

| | |
|---|---|
| Лекха волчу АллахIа Шен сийлахь долчу Къуръан чохь хIара гIуллакх юх-юха хьехийна-кх, | وَقَدْ كَرَّرَ اللهُ تَعالَى هَذا الْمَعْنَى كَثِيرًا فِي كِتَابِهِ الْكَرِيمِ، |
| царех ду хьуна Лекха волчуьнан дош: «**ХIорда чохь шух бохам хьакхабелча,** | مِنْ ذَلِكَ: قَوْلُهُ تَعالَى: ﴿وَإِذَا مَسَّكُمُ ٱلضُّرُّ فِي ٱلْبَحْرِ |
| **шу дIатосу аша мел доьхучара, цхьа АллахI воцучо.** | ضَلَّ مَن تَدْعُونَ إِلَّآ إِيَّاهُۖ |
| **Ткъа Цо шу кIелхьара а даьхна, лаьтта тIе даьхча, дIадоьрзу шу АллахI цхьаъварах,** | فَلَمَّا نَجَّىٰكُمْ إِلَى ٱلْبَرِّ أَعْرَضْتُمْۚ |
| **баккъал а, ма баркалле дац-кх адам».**[23] | وَكَانَ ٱلْإِنسَٰنُ كَفُورًا ﴿٦٧﴾ (سُورَةُ الإِسْرَاءِ، 67) |
| Кхин а ду Лекха волчуьнан дош: **«Адамах цхьа бала хьакхабелча - Тхоьга доьху цо, и бала буссуш ша муьлхха хьолехь хилча а, дIатевжина велахь а, хиъна велахь а, лаьтташ велахь а.** | وَقَوْلُهُ تَعالَى: ﴿وَإِذَا مَسَّ ٱلْإِنسَٰنَ ٱلضُّرُّ دَعَانَا لِجَنۢبِهِۦٓ أَوْ قَاعِدًا أَوْ قَآئِمًا |
| **Ткъа Оха ша цу баланах хьалхаваьккхича –** | فَلَمَّا كَشَفْنَا عَنْهُ ضُرَّهُۥ |

[23] Сурат: Исраъ, аят: 67

| | |
|---|---|
| **юха а керстаналлина тӀехь дӀавоьду иза, шега беъначу балина ша Тхоьга цкъа а дехна доцуш санна,** | مَرَّ كَأَن لَّمۡ يَدۡعُنَآ إِلَىٰ ضُرّٖ مَّسَّهُۥ |
| **иштта хаздина шайн харцонехь совбуьйлучарна шаьш дийриг».[24]** | كَذَٰلِكَ زُيِّنَ لِلۡمُسۡرِفِينَ مَا كَانُواْ يَعۡمَلُونَ ﴿١٢﴾ (سُورَةُ يُونُسَ، 12) |
| Амма Лекха волу АллахӀ хиларан хьекъалца долу тоьшалла: | وَأَمَّا دَلَالَةُ الْعَقْلِ عَلَى وُجُودِ اللهِ تَعَالَى: |
| хьалхалера а, тӀаьхьара а хӀара кхолларш | فَلِأَنَّ هَذِهِ الْمَخْلُوقَاتِ سَابِقُهَا وَلَاحِقُهَا |
| цхьамма кхоьллина хила дезаш ма ду, | لَا بُدَّ لَهَا مِنْ خَالِقٍ أَوْجَدَهَا، |
| хӀунда аьлча оцу кхолларша шаьш-шаьш кхоьллина хила а йиш яц, | إِذْ لَا يُمْكِنُ أَنْ تُوجِدَ نَفْسَهَا بِنَفْسِهَا، |
| я ша-шах кхолладелла хила а йиш яц. | وَلَا يُمْكِنُ أَنْ تُوجَدَ صُدْفَةً. |
| ХӀумано ша-ша кхоллар хила йиш йоцуш ду, | فَهِيَ لَا يُمْكِنُ أَنْ تُوجِدَ نَفْسَهَا بِنَفْسِهَا، |

[24] Сурат: Ю́нус, аят: 12

| | |
|---|---|
| хIумано ша-ша кхуллуш ца хуьлу, | لِأَنَّ الشَّيْءَ لَا يَخْلُقُ نَفْسَهُ، |
| хIунда аьлча иза хила а хилале хьалха хIумма а ма яцара, | لِأَنَّهُ قَبْلَ وُجُودِهِ كَانَ عَدَمًا، |
| тIаккха цо муха кхуллур ю хIума?! | فَكَيْفَ يَكُونُ خَالِقًا؟! |
| Иштта ша-шах кхолладелла а хила йиш яц, | وَلَا يُمْكِنُ أَنْ تُوجَدَ صُدْفَةً، |
| хIунда аьлча муьлхха а хуьлуш долу хIума цхьамма деш ма ду, | لِأَنَّ كُلَّ حَادِثٍ لَا بُدَّ لَهُ مِنْ مُحْدِثٍ، |
| кхин а, хIокху низмехь, исбаьхьа, нийса, | وَلِأَنَّ وُجُودَهَا عَلَى هَذَا النِّظَامِ الْبَدِيعِ الْمُحْكَمِ، |
| цхьаьнатовш, цхьатерра догIуш, | وَالتَّنَاسُقِ الْمُتَآلِفِ، |
| бахьанаш а, бахьанаш хIиттор а чIогIа цхьаьнахоттаделла хиларо, | وَالْارْتِبَاطِ الْمُلْتَحِمِ بَيْنَ الْأَسْبَابِ وَمُسَبَّبَاتِهَا، |
| кхолламашна юккъехь хуьлуш дерг а вовше уьйр йолуш хиларо гойту-кх | وَبَيْنَ الْكَائِنَاتِ بَعْضِهَا مَعَ بَعْضٍ |
| цкъа а хила тарлуш даций ша-шах хилла. | يَمْنَعُ مَنْعًا بَاتًّا أَنْ يَكُونَ وُجُودُهَا صُدْفَةً. |

| | |
|---|---|
| ТӀаккха хӀара кхолламаш шаьш-шаьш кхоьллина а, | وَإِذَا لَمْ يُمْكِنْ أَنْ تُوجَدَ هَذِهِ الْمَخْلُوقَاتُ نَفْسَهَا بِنَفْسِهَا، |
| я ша-шах хилла хила а йиш ца хилча | وَلَا أَنْ تُوجَدَ صُدْفَةً، |
| билгалдолу-кх и кхолламаш цхьамма хилийтина дуй, | تَعَيَّنَ أَنْ يَكُونَ لَهَا مُوجِدٌ، |
| ткъа Иза - Ӏаламийн Дела волу АллахӀ ву. | وَهُوَ اللهُ رَبُّ الْعَالَمِينَ. |
| Ткъа Лекха волчу АллахӀа хьахийна-кх хӀара хьекъалца долу тоьшалла, | وَقَدْ ذَكَرَ اللهُ تَعَالَى هَذَا الدَّلِيلَ الْعَقْلِيَّ |
| хадам беш йолу билгало, | وَالْبُرْهَانَ الْقَطْعِيَّ |
| «ТӀу́р» сурат чохь Лекха волчо аьлла: | فِي سُورَةِ الطُّورِ، حَيْثُ قَالَ تَعَالَى: |
| **«Я ша-шах кхоллабелла бу уьш,** | ﴿أَمْ خُلِقُوا۟ مِنْ غَيْرِ شَىْءٍ |
| **я шаьш бу уьш кхоьллинарш?».**[25] | أَمْ هُمُ ٱلْخَـٰلِقُونَ ﴿٣٥﴾﴾ (سُورَةُ الطُّورِ، 35) |
| И бохург - кхоьллинарг воцуш кхоллабелла бац уьш, | يَعْنِي أَنَّهُمْ لَمْ يُخْلَقُوا مِنْ غَيْرِ خَالِقٍ، |

[25] Сурат: ТӀу́р, аят: 35

| | |
|---|---|
| я цара шаьш-шаьш кхоьллина а бац. | وَلَا هُمُ الَّذِينَ خَلَقُوا أَنْفُسَهُمْ، |
| ТӀаккха билгалдолу-кх уьш кхоьллинарг Лекха а, Беркате а волу АллахӀ хилар. | فَتَعَيَّنَ أَنْ يَكُونَ خَالِقُهُمْ هُوَ اللهُ تَبَارَكَ وَتَعَالَى. |
| Цундела Жубайр ибн МутӀӀимна (АллахӀ реза хуьйла цунна) хезча АллахӀан Элчано (саллаллахӀу ӀалайхӀи ва саллам) | وَلِهَذَا لَمَّا سَمِعَ جُبَيْرُ بْنُ مُطْعِمٍ رَضِيَ اللهُ عَنْهُ رَسُولَ اللهِ ﷺ |
| «ТӀу́р» сурат дешуш, | يَقْرَأُ سُورَةَ الطُّورِ |
| тӀаккха иза кху аяташна тӀекхаьчча: | فَبَلَغَ هَذِهِ الْآيَاتِ: |
| **«Я ша-шах кхоллабелла бу уьш,** | ﴿أَمْ خُلِقُوا۟ مِنْ غَيْرِ شَىْءٍ |
| **я шаьш бу уьш кхоьллинарш?** | أَمْ هُمُ ٱلْخَـٰلِقُونَ ۝٣٥ |
| **Я уьш бу стигланаш а, латта кхоьллинарш?** | أَمْ خَلَقُوا۟ ٱلسَّمَـٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضَ ۚ |
| **Делахь а, тешаш бац-кх уьш.** | بَل لَّا يُوقِنُونَ ۝٣٦ |
| **Я хьан Делан хазнаш ю цаьргахь,** | أَمْ عِندَهُمْ خَزَآئِنُ رَبِّكَ |

| | |
|---|---|
| **я шаьш бу уьш куьйгалла деш тIехIиттийна?»,[26] -** | أَمۡ هُمُ ٱلۡمُصَيۡطِرُونَ ۝٣٧﴾ (سُورَةُ الطُّورِ، 35-37) |
| и аяташ хезаш Жубайр керста вара, | وَكَانَ جُبَيْرٌ يَوْمَئِذٍ مُشْرِكًا، |
| цо боху: «Сан дог кийрара араэккха гергадахара, | قَالَ: كَادَ قَلْبِي أَنْ يَطِيرَ، |
| и дара бусалба дин тIеэцар дуьххьара сан дагчу дижийнарг».[27] | وَذَلِكَ أَوَّلَ مَا وَقَرَ الْإِيمَانُ فِي قَلْبِي. (صحيح: البخاري: 4023-4854) |
| Цунах кхето масал далор ду вай: | وَلْنَضْرِبْ مَثَلًا يُوَضِّحُ ذَلِكَ: |
| цхьамма йоьттина гIишло йийцича хьоьга, | فَإِنَّهُ لَوْ حَدَّثَكَ شَخْصٌ عَنْ قَصْرٍ مَشِيدٍ، |
| гонахьа бошмаш йолуш, | أَحَاطَتْ بِهِ الْحَدَائِقُ، |
| шайна юккъехула лелаш татолаш долуш, | وَجَرَتْ بَيْنَهَا الْأَنْهَارُ، |
| дуккха а кепара меттанаш а, маьнганаш а долуш, | وَمُلِئَ بِالْفُرُشِ وَالْأَسِرَّةِ، |

[26] Сурат: ТIýр, аят: 35-37
[27] Сахьи́хь: Бухáрий: 4023-4854

| | |
|---|---|
| массо кепара кечйина йолуш, | وَزُيِّنَ بِأَنْوَاعِ الزِّينَةِ، |
| тIаккха цо аьлча: «ХIара гIишло ша-шах хилла ю», - | وَقَالَ لَكَ: إِنَّ هَذَا الْقَصْرَ قَدْ أَوْجَدَ نَفْسَهُ، |
| я, - «цхьаммо а йина йоцуш, иштта ша-шах кхоллаелла ю», - | أَوْ وُجِدَ هَكَذَا صُدْفَةً بِدُونِ مُوجِدٍ، |
| сихо йийр ма яра ахь цунна инкарло ян а, иза харц ван а, | لَبَادَرْتَ إِلَى إِنْكَارِ ذَلِكَ وَتَكْذِيبِهِ، |
| цуьнан къамел сонта къамелах а лорур ма дара ахь. | وَعَدَدْتَ حَدِيثَهُ سَفَهًا مِنَ الْقَوْلِ، |
| ТIаккха хила тарлуш дуй хIара доккха кхоллар, | أَفَيَجُوزُ بَعْدَ ذَلِكَ أَنْ يَكُونَ هَذَا الْكَوْنُ الْوَاسِعُ |
| шен лаьттаца, стигалца, цуьнан исбаьхьчу стигалца долу, хазаллица долу, нийса долу, говза долу | بِأَرْضِهِ وَسَمَائِهِ وَأَفْلَاكِهِ الْبَدِيعُ الْبَاهِرُ الْمُحْكَمُ الْمُتْقَنُ |
| ша-шах кхолладелла хила а, | قَدْ أَوْجَدَ نَفْسَهُ، |
| я, цхьаммо кхоьллина а доцуш, ша-шах хилла хила а?! | أَوْ وُجِدَ صُدْفَةً بِدُونِ مُوجِدٍ؟! |
| Ткъа хьекъалца долу кху тоьшаллах кхеттера-кх | وَقَدْ فَهِمَ هَذَا الدَّلِيلَ الْعَقْلِيَّ |

| | |
|---|---|
| гIум-арахь вехаш волу акха Iарби а, | أَعْرَابِيٌّ يَعِيشُ فِي الْبَادِيَةِ، |
| цуьнга хьаьттича: «Хьайн Дела муха вевзина хьуна?», - | فَلَمَّا سُئِلَ: بِمَ عَرَفْتَ رَبَّكَ؟ |
| цо аьллера: «Кхоно эмкална тIенисво, | قَالَ: الْبَعْرَةُ تَدُلُّ عَلَى الْبَعِيرِ، |
| лоро цхьаъ дIавахана хиларна тIенисво, | وَالْأَثَرُ يَدُلُّ عَلَى الْمَسِيرِ، |
| ткъа шен седарчийн гуламца йолу стигало, | فَسَمَآءٌ ذَاتُ أَبْرَاجٍ، |
| даккхийчу некъашца долу лаьтто, | وَأَرْضٌ ذَاتُ فِجَاجٍ، |
| тулгIенашца долу хIордаша ца гойту Хезаш верг а, Гуш верг а хилар?! | وَبِحَارٌ ذَاتُ أَمْوَاجٍ، أَلَا تَدُلُّ عَلَى السَّمِيعِ الْبَصِيرِ؟! |
| **БархIалгIа хаттар: «Олаллехь Лекха волу АллахI цхьаъвар» бохучуьнан маьIна муха ду?** | **السُّؤَالُ الثَّامِنُ: مَا مَعْنَى الْإِيمَانِ بِرُبُوبِيَّةِ اللهِ تَعَالَى؟** |
| **Жоп:** «Олаллехь Лекха волу АллахI цхьаъвар» бохучуьнан маьIна: | **الْجَوَابُ**: مَعْنَى الْإِيمَانِ بِرُبُوبِيَّةِ اللهِ تَعَالَى |

| | |
|---|---|
| Лекха волу АллахI хиларх вай тешар ду | أَنْ نُؤْمِنَ بِأَنَّ اللهَ تَعَالَى |
| рицкъ лург а, кхуллург а, | هُوَ الْخَالِقُ الرَّازِقُ |
| паччахь а, массо хIума карахь дерг а, | الْمَلِكُ الْمَالِكُ |
| И ву-кх хIара кхолларш лелош верг а. | وَهُوَ الْمُدَبِّرُ لِهَذَا الْكَوْنِ. |
| Иштта вай тешаш ду-кх кхуллург Лекха волу АллахI хиларх, | فَنُؤْمِنُ بِأَنَّ اللهَ تَعَالَى هُوَ الْخَالِقُ |
| И воцург кхин цхьа а вац кхуллуш. | وَلَا خَالِقَ سِوَاهُ. |
| Лекха волчо аьлла: **«АллахI ву массо хIума кхоьллинарг».**[28] | قَالَ تَعَالَى: ﴿ٱللَّهُ خَـٰلِقُ كُلِّ شَىۡءٍ﴾ (سُورَةُ الزُّمَرِ، 62) |
| Кхин а аьлла Лекха волчо: **«Цуьнан дац ткъа, кхоллар а, берррриге болх а?».**[29] | وَقَالَ تَعَالَى: ﴿أَلَا لَهُ ٱلۡخَلۡقُ وَٱلۡأَمۡرُ﴾ (سُورَةُ الأَعْرَافِ، 54) |
| Ткъа адам гIорасиз ду хIума кхолларехь. | وَالْبَشَرُ عَاجِزُونَ عَنِ الْخَلْقِ. |

[28] Сурат: Зумар, аят: 62
[29] Сурат: АIра́ф, аят: 54

| | |
|---|---|
| Лекха волчо аьлла: **«ХIай нах, масал ду шуна далош, ладогIа цуьнга,** | قَالَ تَعَالَى: ﴿يَـٰٓأَيُّهَا ٱلنَّاسُ ضُرِبَ مَثَلٌ فَٱسۡتَمِعُواْ لَهُۥٓۚ |
| **баккъал а, АллахIе кхайкха дезачу меттана аша шайга кхойкхучара моза а кхуллур ма бац,** | إِنَّ ٱلَّذِينَ تَدۡعُونَ مِن دُونِ ٱللَّهِ لَن يَخۡلُقُواْ ذُبَابًا |
| **уьш и кхолла берриге цхьаьнакхетча а,** | وَلَوِ ٱجۡتَمَعُواْ لَهُۥۖ |
| **нагахь мозано царна тIера цхьа хIума дIахьахь, - цуьнгара и схьа а яккхалур ма яц цаьрга,** | وَإِن يَسۡلُبۡهُمُ ٱلذُّبَابُ شَيۡـٔٗا لَّا يَسۡتَنقِذُوهُ مِنۡهُۚ |
| **ма ницкъ боцуш хили-кх ша доьхург а, шегара доьхург а!»**[30] | ضَعُفَ ٱلطَّالِبُ وَٱلۡمَطۡلُوبُ ٧٣﴾ (سُورَةُ الحَجِّ، 73) |
| Кхин а аьлла Лекха волчо: **«Ахь ала: «Гиний шуна, АллахIе а доцуш, аша шайга кхойкхуш берш? Гайтийша суна лаьттан муьлха дакъа кхоьллина цара?** | وَقَالَ تَعَالَى: ﴿قُلۡ أَرَءَيۡتُم مَّا تَدۡعُونَ مِن دُونِ ٱللَّهِ أَرُونِي مَاذَا خَلَقُواْ مِنَ ٱلۡأَرۡضِ |
| **Я стигланаш кхолларехь декъашхой бара уьш?** | أَمۡ لَهُمۡ شِرۡكٞ فِي ٱلسَّمَٰوَٰتِۖ |

[30] Сурат: Хьажж, аят: 73

| | |
|---|---|
| **Схьадайша Къуръанал а хьалха хилла жайна,** | ٱئۡتُونِي بِكِتَٰبٖ مِّن قَبۡلِ هَٰذَآ |
| **я Іилманан муьлхха а цхьа лар яйша,** | أَوۡ أَثَٰرَةٖ مِّنۡ عِلۡمٍ |
| **нагахь шаьш бакълуьш делахь»».[31]** | إِن كُنتُمۡ صَٰدِقِينَ ﴿٤﴾ (سُورَةُ الأَحْقَافِ، 4) |
| Кхин а аьлла Лекха волчо: **«АллахI а витина, цара шайга кхойкхуш берш** | وَقَالَ تَعَالَى: ﴿وَٱلَّذِينَ يَدۡعُونَ مِن دُونِ ٱللَّهِ |
| **цхьа а хIума кхоллалур йолуш ма бац,** | لَا يَخۡلُقُونَ شَيۡـٔٗا |
| **мелхо а, шаьш бу уьш АллахIа кхоьллина».[32]** | وَهُمۡ يُخۡلَقُونَ ﴿٢٠﴾ (سُورَةُ النَّحْلِ، 20) |
| Вай тешаш ду-кх, И ЦIена верг хилар, рицкъ дIакхачош верг а, дуккха а рицкъ луш верг а, | وَنُؤْمِنُ بِأَنَّهُ سُبْحَانَهُ الرَّازِقُ الرَّزَّاقُ، |
| Лекха а, ЦIена а волу, И воцург вац-кх кхин рицкъ дала цхьа а. | لَا رَازِقَ سِوَاهُ سُبْحَانَهُ وَتَعَالَى. |
| Лекха волчо аьлла: **«Баккъал а, АллахI ву рицкъ лург,** | قَالَ تَعَالَى: ﴿إِنَّ ٱللَّهَ هُوَ ٱلرَّزَّاقُ |

[31] Сурат: Ахькъа́ф, аят: 4
[32] Сурат: Нахьл, аят: 20

| | |
|---|---|
| **цхьаьнга а эша лун воцу, чIогIачу ницкъан да верг».**[33] | ذُو ٱلۡقُوَّةِ ٱلۡمَتِينُ ﴿٥٨﴾ (سُورَةُ الذَّارِيَاتِ، 58) |
| Кхин а аьлла Лекха волчо: **«АллахI ву-кх шен лешха Шена луучунна рицкъанехь шорто еш верг, Шена луучунна гатто йийриг а,** | وَقَالَ تَعَالَى: ﴿ٱللَّهُ يَبۡسُطُ ٱلرِّزۡقَ لِمَن يَشَآءُ مِنۡ عِبَادِهِۦ وَيَقۡدِرُ لَهُۥٓۚ |
| **баккъал а, АллахI ву массо хIума хууш».**[34] | إِنَّ ٱللَّهَ بِكُلِّ شَيۡءٍ عَلِيمٞ ﴿٦٢﴾ (سُورَةُ العَنكَبُوتِ، 62) |
| Ткъа Сийлахь-Тоьлла волу АллахI воцург-м, кхин цхьа а вац рицкъ карахь долуш. | وَأَمَّا غَيْرُ اللهِ عَزَّ وَجَلَّ فَلَا يَمْلِكُونَ رِزْقًا لِأَحَدٍ. |
| Лекха волчо аьлла: **«АллахI витина, аша лолла деш ерш жаIарш бен ма яц, уьш делий бу бохуш харцо кхуллуш а ду шу,** | قَالَ تَعَالَى: ﴿إِنَّمَا تَعۡبُدُونَ مِن دُونِ ٱللَّهِ أَوۡثَٰنٗا وَتَخۡلُقُونَ إِفۡكًاۚ |
| **ткъа АллахI витина аша лолла дечу жаIарийн ницкъ ма ца кхочу шуна рицкъ дала,** | إِنَّ ٱلَّذِينَ تَعۡبُدُونَ مِن دُونِ ٱللَّهِ لَا يَمۡلِكُونَ لَكُمۡ رِزۡقٗا |
| **тIаккха АллахIера лаха рицкъ,** | فَٱبۡتَغُواْ عِندَ ٱللَّهِ ٱلرِّزۡقَ |

[33] Сурат: За́рийа́т, аят: 58
[34] Сурат: Iанкабу́т, аят: 62

| | |
|---|---|
| **Цунна де лолла, баркалла а Цунна ала,** | وَٱعۡبُدُوهُ وَٱشۡكُرُواْ لَهُۥٓۖ |
| **Цуьнга ма ду шу дерзор долуш а».[35]** | إِلَيۡهِ تُرۡجَعُونَ ﴿١٧﴾ (سُورَةُ العَنكَبُوتِ، 17) |
| Вай тешаш ду-кх И ЦӀена верг хиларх, хӀокху кхолларийн паччахь а, и дерриге карахь дерг а, | وَنُؤْمِنُ بِأَنَّهُ سُبْحَانَهُ مَلِكُ هَذَا الْكَوْنِ وَمَالِكُهُ، |
| И воцург вац-кх хӀара кхолларш карахь дерг, Лекха а, ЦӀена а ву Иза. | لَا مَالِكَ لِهَذَا الْكَوْنِ سِوَاهُ سُبْحَانَهُ وَتَعَلَى. |
| Лекха волчо аьлла: **«И АллахӀ ву-кх шун Дела,** | قَالَ تَعَالَى: ﴿ذَٰلِكُمُ ٱللَّهُ رَبُّكُمۡ |
| **Цуьнан ду паччахьалла а».[36]** | لَهُ ٱلۡمُلۡكُۚ﴾ (سُورَةُ فَاطِرٍ، 13) |
| Кхин а аьлла Лекха волчо: **«АллахӀан ду-кх стигланийн а, латтан а паччахьалла».[37]** | وَقَالَ تَعَالَى: ﴿وَلِلَّهِ مُلۡكُ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلۡأَرۡضِۚ﴾ (سُورَةُ الجَاثِيَةِ، 27) |

[35] Сурат: Ӏанкабу́т, аят: 17
[36] Сурат: Фа́тӀыр, аят: 13
[37] Сурат: Жа́сийахӀ, аят: 27

| | |
|---|---|
| Кхин а аьлла Лекха волчо: **«Беркате хили-кх паччахьалла Шен карахь дерг».**[38] | وَقَالَ تَعَالَى: ﴿تَبَٰرَكَ ٱلَّذِى بِيَدِهِ ٱلْمُلْكُ﴾ (سُورَةُ المُلْكِ، 1) |
| Ткъа Лекха а, ЦIена а волу АллахI воцург вац-кх хIокху кхолларех хIумма а карахь долуш. | أَمَّا غَيْرُ اللهِ سُبْحَانَهُ وَتَعَالَى فَلَا يَمْلِكُون شَيْئًا فِي هَذَا الْكَوْنِ. |
| Лекха волчо аьлла: **«Ткъа АллахI а витина, аша шайга доьхучеран карахь яц-кх къитIмир а».**[39] | قَالَ تَعَالَى: ﴿وَٱلَّذِينَ تَدْعُونَ مِن دُونِهِۦ مَا يَمْلِكُونَ مِن قِطْمِيرٍ ۝١٣﴾ (سُورَةُ فَاطِرٍ، 13) |
| КъитIмир - иза хурмин лаг тIехулара дуткъа чкъор ду. | وَالْقِطْمِيرُ: هُوَ الْغُلَافُ الرَّقِيقُ الَّذِي يَكُونُ عَلَى نَوَاةِ التَّمْرِ. |
| Вай тешаш ду-кх И ЦIена верг хиларх, хIара кхолларш лелош верг а, | وَنُؤْمِنُ بِأَنَّهُ سُبْحَانَهُ مُدَبِّرٌ هَذَا الْكَوْنِ، |
| И ву церан куьйгалла дийриг а, | وَهُوَ الْمُتَصَرِّفُ فِيهِ، |
| И воцург вац-кх хIара кхолларш лелорг, Лекха а, ЦIена а ву Иза. | لَا مُدَبِّرَ لِهَذَا الْكَوْنِ سِوَاهُ سُبْحَانَهُ وَتَعَالَى. |
| Лекха волчо аьлла: **«Ахь ала: «Мила ву шуна стигалара а, лаьттара а рицкъ луш верг?** | قَالَ تَعَالَى: ﴿قُلْ مَن يَرْزُقُكُم مِّنَ ٱلسَّمَآءِ وَٱلْأَرْضِ |

[38] Сурат: Мулк, аят: 1
[39] Сурат: ФáтIыр, аят: 13

| | |
|---|---|
| **Мила ву хазар а, гар а Шен карахь дерг?** | أَمَّن يَمۡلِكُ ٱلسَّمۡعَ وَٱلۡأَبۡصَٰرَ |
| **Мила ву еллачух дийна ерг йолуьйтург а,** | وَمَن يُخۡرِجُ ٱلۡحَيَّ مِنَ ٱلۡمَيِّتِ |
| **дийначух елларг йолуьйтург а?** | وَيُخۡرِجُ ٱلۡمَيِّتَ مِنَ ٱلۡحَيِّ |
| **Мила ву берриге белхаш лелош верг а?».** | وَمَن يُدَبِّرُ ٱلۡأَمۡرَۚ |
| **Цара эр ма ду: «АллахI ву!».** | فَسَيَقُولُونَ ٱللَّهُۚ |
| **ТIаккха ахь ала: «Ткъа Делах ца кхоьру шу?»».[40]** | فَقُلۡ أَفَلَا تَتَّقُونَ ﴿٣١﴾ (سُورَةُ يُونُسَ، 31) |
| **ИссалгIа хаттар: «Делаллехь Лекха волу АллахI цхьаъвар» бохучуьнан маьIна муха ду?** | **السُّؤَالُ التَّاسِعُ: مَا مَعْنَى الْإِيمَانِ بِأُلُوهِيَّةِ اللهِ تَعَالَى؟** |
| **Жоп:** Делаллехь Лекха волу АллахI цхьаъвар бохучуьнан маьIна: | **الْجَوَابُ:** مَعْنَى الْإِيمَانِ بِأُلُوهِيَّةِ اللهِ تَعَالَى |
| лолла дарехь Лекха верг цхьаъвар ду. | هُوَ إِفْرَادُهُ تَعَالَى بِالْعِبَادَةِ. |

[40] Сурат: Ю́нус, аят: 31

| | |
|---|---|
| ТӀаккха лено лолла ма дойла-кх Сийлахь-Тоьлла волчу АллахӀана бен, | فَلَا يَعْبُدُ الْعَبْدُ سِوَى اللهِ عَزَّ وَجَلَّ، |
| И воцчунна ма хьовзадойла цо шен лолла, Лекха а, ЦӀена а ву Иза, | وَلَا يَصْرِفُ الْعِبَادَةَ لِغَيْرِهِ سُبْحَانَهُ وَتَعَالَى، |
| АллахӀ а витина, лолла мел дечух керстаналла дойла цо, | وَيَكْفُرُ بِمَا يُعْبَدُ مِنْ دُونِ اللهِ مِنَ الطَّوَاغِيتِ. |
| хӀара ю-кх адам а, жин а кхолларан Ӏалашо. | وَهَذَا هُوَ الْغَايَةُ مِنْ خَلْقِ الْإِنْسِ وَالْجِنِّ، |
| Лекха волчо аьлла: **«Ас адам а, жин а кхоьллина ма дац, Сайна лолла дайта бен».[41]** | قَالَ تَعَالَى: ﴿وَمَا خَلَقْتُ ٱلْجِنَّ وَٱلْإِنسَ إِلَّا لِيَعْبُدُونِ ۝٥٦﴾ (سُورَةُ الذَّارِيَاتِ، 56) |
| Ткъа хӀара Лекха волчу АллахӀан хьакъ ду лешна тӀехь долу, | وَهَذَا هُوَ حَقُّ اللهِ تَعَالَى عَلَى الْعِبَادِ، |
| хӀунда аьлча Лекха волу АллахӀ волун дела вай кхоьллинарг а, вайна рицкъ луш верг а, | لِأَنَّ اللهَ تَعَالَى هُوَ الَّذِي خَلَقَنَا وَرَزَقَنَا |
| вайн дахаран белхаш лелош верг а, | وَدَبَّرَ شُئُونَ حَيَاتِنَا، |

[41] Сурат: За́рийа́т, аят: 56

| | |
|---|---|
| тӀаккха вайна тӀехь хьакъ хилла-кх И воцчунна лолла ца дар, Лекха а, ЦӀена а ву Иза. | فَكَانَ حَقُّهُ عَلَيْنَا أَلَّا نَعْبُدَ سِوَاهُ سُبْحَانَهُ وَتَعَالَى. |
| Иштта омра дина-кх Сийлахь-Тоьлла волчу АллахӀа. | وَقَدْ أَمَرَ اللهُ عَزَّ وَجَلَّ بِذَلِكَ، |
| Лекха волчо аьлла-кх: **«АллахӀана де лолла, цхьа а хӀума Цуьнца накъост а ма лаца».**[42] | فَقَالَ تَعَالَى: ﴿وَٱعۡبُدُواْ ٱللَّهَ وَلَا تُشۡرِكُواْ بِهِۦ شَيۡـٔٗاۖ﴾ (سُورَةُ النِّسَاءِ، 36) |
| Кхин а аьлла Лекха волчо: **«Хьан Дала омра дина лолла Шена бен ма де аьлла».**[43] | وَقَالَ تَعَالَى: ﴿وَقَضَىٰ رَبُّكَ أَلَّا تَعۡبُدُوٓاْ إِلَّآ إِيَّاهُ﴾ (سُورَةُ الإِسْرَاءِ، 23) |
| МуӀа́з ибн Жабала (АллахӀ реза хуьйла цунна) дийцинчу хьадисехь ду | وَفِي حَدِيثِ مُعَاذِ بْنِ جَبَلٍ رَضِيَ اللهُ عَنْهُ: |
| Пайхамара (саллаллахӀу ӀалайхӀи ва саллам) цуьнга элира аьлла: | أَنَّ النَّبِيَّ ﷺ قَالَ لَهُ: |
| **«ХӀай МуӀа́з, хьуна хаьий лешна тӀехь долу АллахӀан хьакъ хӀун ду?».** | **يَا مُعَاذُ، أَتَدْرِي مَا حَقُّ اللهِ عَلَى الْعِبَادِ؟** |

[42] Сурат: Ниса́ъ, аят: 36
[43] Сурат: Исра́ъ, аят: 23

| | |
|---|---|
| МуIа́за жоп делира: «АллахI а, Цуьнан Элча а ву тIех дика хууш». | قَالَ: اللهُ وَرَسُولُهُ أَعْلَمُ، |
| Пайхамара элира: **«Лешна тIехь долу АллахIан хьакъ –** | قَالَ: **حَقُّ اللهِ عَلَى الْعِبَادِ** |
| **цара Цунна лолла дар ду, цхьа а хIума Цуьнца накъост ца лоцуш».[44]** | **أَنْ يَعْبُدُوهُ وَلَا يُشْرِكُوا بِهِ شَيْئًا.** (صحيح: البخاري: 2856، ومسلم: 30) |
| **Итталгlа хаттар: Делаллехь Лекха волчу АллахIаца накъост лацарехь уггаре гIарадевлла белхаш муьлхурш ду?** | **السُّؤَالُ الْعَاشِرُ: مَا هِيَ أَهَمُّ مَظَاهِرِ الْإِشْرَاكِ بِاللهِ تَعَالَى فِي تَوْحِيدِ الْأُلُوهِيَّةِ؟** |
| **Жоп:** Делаллехь Лекха волу АллахIаца накъост лацарехь уггаре гIарадевлла белхаш: | **الْجَوَابُ:** أَهَمُّ مَظَاهِرِ الْإِشْرَاكِ بِاللهِ تَعَالَى فِي تَوْحِيدِ الْأُلُوهِيَّةِ: |
| **1- АллахI воцчуьнга дехар:** | **1– دُعَاءُ غَيْرِ اللهِ:** |
| зераташка а оьхуш, цаьрга доьхурш санна, Лекха волчу АллахIе а ца доьхуш. | كَالَّذِينَ يَذْهَبُونَ إِلَى أَصْحَابِ الْقُبُورِ فَيَسْأَلُونَهُمْ مِنْ دُونِ اللهِ تَعَالَى، |

[44] Сахьи́хь: Буха́рий: 2856. Муслим: 30

| | |
|---|---|
| Лекха волчо аьлла: **«АллахI воцчуьнга доьхучарал а тIех тиларехь верг мила ву? Къемат-де даллалц шайна жоп лур боцчу,** | قَالَ تَعَالَى: ﴿وَمَنْ أَضَلُّ مِمَّن يَدْعُواْ مِن دُونِ ٱللَّهِ مَن لَّا يَسْتَجِيبُ لَهُۥٓ إِلَىٰ يَوْمِ ٱلْقِيَـٰمَةِ |
| **уьш-м цара шайга кхойкхий хууш а ма бац!** | وَهُمْ عَن دُعَآئِهِمْ غَـٰفِلُونَ ۝٥ |
| **Къемат-дийнахь нах дIагулбича, церан мостагIий а хилла дIахIуьттур бу цара шайга доьхуш хилларш,** | وَإِذَا حُشِرَ ٱلنَّاسُ كَانُواْ لَهُمْ أَعْدَآءً |
| **цу наха шайна лолла дарх дIа а цIанлур бу уьш».**[45] | وَكَانُواْ بِعِبَادَتِهِمْ كَـٰفِرِينَ ۝٦﴾ (سُورَةُ الأَحْقَافِ، 6-5) |
| Кхин а аьлла Лекха волчо: **«И АллахI ву-кх шун Дела,** | وَقَالَ تَعَالَى: ﴿ذَٰلِكُمُ ٱللَّهُ رَبُّكُمْ |
| **Цуьнан ду паччахьалла,** | لَهُ ٱلْمُلْكُ ۚ |
| **ткъа АллахI а витина, аша шайга доьхучеран карахь хурмин логана тIера чкъор а дац.** | وَٱلَّذِينَ تَدْعُونَ مِن دُونِهِۦ مَا يَمْلِكُونَ مِن قِطْمِيرٍ ۝١٣ |
| **Аша цаьрга дехча а, царна хезаш дац шун дехар,** | إِن تَدْعُوهُمْ لَا يَسْمَعُواْ دُعَآءَكُمْ |

[45] Сурат: Ахькъа́ф, аят: 5-6

| | |
|---|---|
| **шайна хезча а, шуна жоп дала ницкъ кхочур ма бацара церан,** | وَلَوۡ سَمِعُواْ مَا ٱسۡتَجَابُواْ لَكُمۡۖ |
| **къемат-дийнахь аша шаьш Делаца накъостий лецарх дIа а цIанлур бу уьш,** | وَيَوۡمَ ٱلۡقِيَٰمَةِ يَكۡفُرُونَ بِشِرۡكِكُمۡۚ |
| **гIуллакхан тIаьхьало цхьаммо а юьйцур яц хьуна, Девзуш волчу АллахIа санна».**[46] | وَلَا يُنَبِّئُكَ مِثۡلُ خَبِيرٖ ﴿١٤﴾ (سُورَةُ فَاطِرٍ، 13-14) |
| Кхин а аьлла Лекха волчо: **«Баккъал а, ерриге лолла ден меттигаш АллахIан ю,** | وَقَالَ تَعَالَى: ﴿وَأَنَّ ٱلۡمَسَٰجِدَ لِلَّهِ |
| **тIаккха ма деха АллахIаца цхьаьнге а».**[47] | فَلَا تَدۡعُواْ مَعَ ٱللَّهِ أَحَدٗا ﴿١٨﴾ (سُورَةُ الْجِنِّ، 18) |
| Кхин а аьлла Лекха волчо: **«АллахIе деха аша, шайн дин Цунна цIан а деш,** | وَقَالَ تَعَالَى: ﴿فَٱدۡعُواْ ٱللَّهَ مُخۡلِصِينَ لَهُ ٱلدِّينَ |
| **керстанашна иза мел ца дезахь а».**[48] | وَلَوۡ كَرِهَ ٱلۡكَٰفِرُونَ ﴿١٤﴾ (سُورَةُ غَافِرٍ، 14) |

[46] Сурат: ФáтIыр, аят: 13-14
[47] Сурат: Жинн, аят: 18
[48] Сурат: ГIáфир, аят: 14

| | |
|---|---|
| Кхин а аьлла Лекха волчо: **«Даиманна Дийнаниг ву И АллахI, кхин Дела ма вац, И воцург,** | وَقَالَ تَعَالَى: ﴿هُوَ ٱلۡحَيُّ لَآ إِلَٰهَ إِلَّا هُوَ |
| **Цуьнга деха аша, шайн дин Цунна цIан а деш,** | فَٱدۡعُوهُ مُخۡلِصِينَ لَهُ ٱلدِّينَۗ |
| **хастам бу-кх АллахIана, Iаламаш кхиош волчу».[49]** | ٱلۡحَمۡدُ لِلَّهِ رَبِّ ٱلۡعَٰلَمِينَ ۝٦٥﴾ (سُورَةُ غَافِرٍ، 65) |
| ТIаккха цхьанна а мегар дац, | إِذًا، فَإِنَّهُ لَا يَجُوزُ لِأَحَدٍ |
| веллачунна я дийначунна тIе а вахана, ала: | أَنْ يَذْهَبَ لِلْمَيِّتِ أَوْ غَيْرِ الْمَيِّتِ، فَيَقُولَ: |
| «ГIоли ехьа суна», – я – «сан кIантана гIоли ехьа», – я – «къоьллах хьалхаваккхахьа со», – я кхидолу и саннарг а. | (اشْفِنِي)، أَوْ (اشْفِ ابْنِي)، أَوْ (أَغْنِنِي)، وَنَحْوَ ذَلِكَ. |
| **2- Лекха волу АллахI воцчуьнгара шафаIат лахар.** | **2– طَلَبُ الشَّفَاعَةِ مِنْ أَحَدٍ غَيْرِ اللهِ تَعَالَى:** |
| Лекха волчо аьлла: **«АллахIана а ца деш, лолла до цара шайна дан цхьа а зен а, шайна бан цхьа а пайда а боцучарна,** | قَالَ تَعَالَى: ﴿وَيَعۡبُدُونَ مِن دُونِ ٱللَّهِ مَا لَا يَضُرُّهُمۡ وَلَا يَنفَعُهُمۡ |

[49] Сурат: ГIáфир, аят: 65

| | |
|---|---|
| **цара ала а олу: «ХIорш тхан шафаIатхой бу АллахIана гергахь».** | وَيَقُولُونَ هَٰٓؤُلَآءِ شُفَعَٰٓؤُنَا عِندَ ٱللَّهِۚ |
| **Ахь ала: «АллахIана дуьйцу аша ткъа, стигланашкахь а, лаьттахь а Цунна ца хууш дерг?!».** | قُلۡ أَتُنَبِّـُٔونَ ٱللَّهَ بِمَا لَا يَعۡلَمُ فِي ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَلَا فِي ٱلۡأَرۡضِۚ |
| **Лекха а, ЦIена а ву-кх Иза аша Цунна бечу накъостех».[50]** | سُبۡحَٰنَهُۥ وَتَعَٰلَىٰ عَمَّا يُشۡرِكُونَ ﴿١٨﴾ (سُورَةُ يُونُس، 18) |
| Кхин а аьлла Лекха волчо: **«АллахIана хила дезаш дац ткъа, лолла дар а, муьтIахь хилар а, Цуьнца накъост ца лоцуш?!** | وَقَالَ تَعَالَى: ﴿أَلَا لِلَّهِ ٱلدِّينُ ٱلۡخَالِصُۚ |
| **Ткъа Цуьнан метта кхиберш доладийраш лаьцначара олу:** | وَٱلَّذِينَ ٱتَّخَذُواْ مِن دُونِهِۦٓ أَوۡلِيَآءَ |
| **«Оха царна лолла ма ца до, АллахIан гергахь цаьрга тхаьшна шафаIат дайта а, Цунна гергадигийтарна а бен».** | مَا نَعۡبُدُهُمۡ إِلَّا لِيُقَرِّبُونَآ إِلَى ٱللَّهِ زُلۡفَىٰٓ |
| **АллахIа кхел йийр ю-кх царна юкъахь, церан бекъабаларшна, баккъал а,** | إِنَّ ٱللَّهَ يَحۡكُمُ بَيۡنَهُمۡ فِي مَا هُمۡ فِيهِ يَخۡتَلِفُونَۗ |

[50] Сурат: Ю́нус, аят: 18

| | |
|---|---|
| **АллахIа нис ца во-кх Шена тIе харцо кхуллург а, Шен аятех ца тешарг а».[51]** | ﴿إِنَّ ٱللَّهَ لَا يَهۡدِي مَنۡ هُوَ كَٰذِبٞ كَفَّارٞ ٣﴾ (سُورَةُ الزُّمَرِ، 3) |
| Кхин а аьлла Лекха волчо: **«Я АллахI воцург шафаIатхой лаьцна цара шайна?** | وَقَالَ تَعَالَى: ﴿أَمِ ٱتَّخَذُواْ مِن دُونِ ٱللَّهِ شُفَعَآءَۚ |
| **Ахь ала: «Церан карахь хIумма а доццушехь лоцу аша уьш, я аша шайна дечу лоллах уьш кхеташ а боццушехь?».** | قُلۡ أَوَلَوۡ كَانُواْ لَا يَمۡلِكُونَ شَيۡـٔٗا وَلَا يَعۡقِلُونَ ٤٣ |
| **Ахь ала: «АллахIан ду дерриге шафаIат,** | قُل لِّلَّهِ ٱلشَّفَٰعَةُ جَمِيعٗاۖ |
| **Цуьнан ду стигланашкахь а, лаьттахь а паччахьалла,** | لَّهُۥ مُلۡكُ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلۡأَرۡضِۖ |
| **цул тIаьхьа Цуьнга дерзор долуш а ду шу къемат-дийнахь»».[52]** | ثُمَّ إِلَيۡهِ تُرۡجَعُونَ ٤٤﴾ (سُورَةُ الزُّمَرِ، 43-44) |
| Имам ТIабарис (АллахIа къинхетам бойла цунах) аьлла: | قَالَ الْإِمَامُ الطَّبَرِيُّ رَحِمَهُ اللهُ: |

[51] Сурат: Зумар, аят: 3
[52] Сурат: Зумар, аят: 43-44

| | |
|---|---|
| «Ша хьахор Лекха долчо боху: «Я хIокхара лаьцна, АллахIаца накъост веш болу, | (يَقُولُ تَعَالَى ذِكْرُهُ: أَمِ اتَّخَذَ هَؤُلَاءِ الْمُشْرِكُونَ بِاللهِ |
| АллахI витина, шаьш лолла деш болу делий шайн шафаIатхой, | مِنْ دُونِهِ آلِهَتَهُمُ الَّتِي يَعْبُدُونَهَا شُفَعَاءَ |
| АллахIера шайн хьашташна цара шафаIат а дийр долуш? | تَشْفَعُ لَهُمْ عِنْدَ اللهِ فِي حَاجَاتِهِمْ. |
| **«Ахь ала: «Церан карахь хIумма а доццушехь лоцу аша уьш, я аша шайна дечу лоллах уьш кхеташ а боццушехь?»». –** | وَقَوْلُهُ: ﴿قُلۡ أَوَلَوۡ كَانُواْ لَا يَمۡلِكُونَ شَيۡـٔٗا وَلَا يَعۡقِلُونَ ٤٣﴾ |
| ХIокху дешнашкахь боху Ша хьахор Лекха долчо Шен пайхамаре Мухьаммаде (саллаллахIу IалайхIи ва саллам): | يَقُولُ تَعَالَى ذِكْرُهُ لِنَبِيِّهِ مُحَمَّدٍ ﷺ: |
| «ХIай Мухьаммад, ахь дIаала цаьрга: | قُلْ يَا مُحَمَّدُ لَهُمْ: |
| «Шаьш ма-баххара хIара делий шафаIатхой лоьцу ткъа аша? | أَتَتَّخِذُونَ هَذِهِ الْآلِهَةَ شُفَعَاءَ كَمَا تَزْعُمُونَ |
| Шайна цхьа а пайда бан а я зен дан а ницкъ кхочуш боццушехь, | وَلَوْ كَانُوا لَا يَمْلِكُونَ لَكُمْ نَفْعًا وَلَا ضَرًّا، |

| | |
|---|---|
| я аша дечу лоллах а кхеташ боццушехь?». | وَلَا يَعْقِلُونَ شَيْئًا، |
| Ахь ала цаьрга: «Нагахь и шафаIат дайтархьама деш делахь аша царна лолла, | قُلْ لَهُمْ: إِنْ تَكُونُوا تَعْبُدُونَهَا لِذَلِكَ، |
| цара шуна АллахIана гергахь шафаIат а дийр долуш, | وَتَشْفَعُ لَكُمْ عِنْدَ اللهِ، |
| тIаккха цул а шайн лолла АллахIана дайша, Цуьнца накъост а ца веш, | فَأَخْلِصُوا عِبَادَتَكُمْ لِلَّهِ، |
| делаллехь а Иза цхьаъ а веш, | وَأَفْرِدُوهُ بِالْأُلُوهِيَّةِ، |
| хIунда аьлча дерриге шафаIат Цуьнан карахь ма ду, | فَإِنَّ الشَّفَاعَةَ جَمِيعًا لَهُ، |
| Цо пурба делла, Иза реза хиллачо бен цхьаммо а шафаIат дийр доцуш, | لَا يَشْفَعُ عِنْدَهُ إِلَّا مَنْ أَذِنَ لَهُ، وَرَضِيَ لَهُ قَوْلًا، |
| ткъа аша шайн лолла Цунна дахь, Цуьнца накъост ца лоцуш, | وَأَنْتُمْ مَتَى أَخْلَصْتُمْ لَهُ الْعِبَادَةَ |
| тIаккха Цуьнга аша деха а дехахь, Цо дийр ду-кх шуна шафаIат»». | وَدَعَوْتُمُوهُ وَشَفَّعَكُمْ |
| **«Цуьнан ду стигланашкахь а, лаьттахь а паччахьалла» -** | ﴿لَّهُۥ مُلۡكُ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلۡأَرۡضِۖ﴾ |

| | |
|---|---|
| кху дешнашкахь боху АллахIа: «Стигланийн а, лаьттан а паччахьалла а, куьйгалла а Цуьнан ду, | يَقُولُ: لَهُ سُلْطَانُ السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضِ وَمُلْكُهَا، |
| иштта аша, АллахIана а ца деш, шайна лолла деш берш а бу АллахIан, хIай мушрик нах!». | وَمَا تَعْبُدُونَ أَيُّهَا الْمُشْرِكُونَ مِنْ دُونِهِ لَهُ، |
| Цо боху-кх: «Дерриге Шен карахь долчунна дайша и лолла, шен карахь хIумма а доцуш, ша кхечуьнан карахь волчунна а ца деш». | يَقُولُ: فَاعْبُدُوا الْمَلِكَ لَا الْمَمْلُوكَ الَّذِي لَا يَمْلِكُ شَيْئًا، |
| **«Цул тIаьхьа Цуьнга дерзор долуш а ду шу къемат-дийнахь»** - | ﴿ثُمَّ إِلَيْهِ تُرْجَعُونَ﴾ |
| Кху дешнашкахь боху АллахIа: «Цул тIаьхьа АллахIе ду шун юхадерзар а, | يَقُولُ: ثُمَّ إِلَى اللهِ مَصِيرُكُمْ، |
| Цо шуна Iазап а лур ду-кх, аша АллахIаца накъост лацарна, | وَهُوَ مُعَاقِبُكُمْ عَلَى إِشْرَاكِكُمْ بِهِ |
| нагахь иза дита ца дуьтуш шун далар нислахь». | إِنْ مُتُّمْ عَلَى شِرْكِكُمْ. |
| Цу къамелан маьIна: «Дерриге шафаIат АллахIан карахь ду, | وَمَعْنَى الْكَلَامِ: لِلَّهِ الشَّفَاعَةُ جَمِيعًا، |

| | |
|---|---|
| стигланийн а, латтан а паччахьалла а Цуьнан ду, | لَهُ مُلْكُ السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضِ، |
| тӀаккха дерриге карахь долуш, стигланийн а, латтан а Паччахь волчунна де аша лолла, | فَاعْبُدُوا الْمَالِكَ الَّذِي لَهُ مُلْكُ السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضِ، |
| дуьнен чохь шайна зен а, пайда а бан ницкъ кхочуш волу, | الَّذِي يَقْدِرُ عَلَى نَفْعِكُمْ فِي الدُّنْيَا، وَعَلَى ضُرِّكُمْ فِيهَا، |
| тӀаккха шу дала а делла, доьрзучу хенахь, | وَعِنْدَ مَرْجِعِكُمْ إِلَيْهِ بَعْدَ مَمَاتِكُمْ، |
| Цуьнга хила дезаш ду-кх шун дерзар а».[53] | فَإِنَّكُمْ إِلَيْهِ تَرْجِعُونَ). (تفسير الطبري: 20/216-217) |
| ТӀаккха цхьанна а мегар дац, веллачунна я дийначунна тӀевахана, цуьнга ала: | إِذًا، فَلَا يَجُوزُ لِأَحَدٍ أَنْ يَذْهَبَ لِأَحَدٍ حَيٍّ أَوْ مَيِّتٍ فَيَقُولَ لَهُ: |
| «Сан Деле суна гӀоли е алий я суна рицкъ ло алий, шафаӀат дехьа суна», - ала, я кхидолу и саннарг а. | (اشْفَعْ لِي عِنْدَ رَبِّي أَنْ يَشْفِيَنِي، أَوْ يَرْزُقَنِي) وَنَحْوَ ذَلِكَ. |
| **3- Лекха волу АллахӀ воцчунна нузар дар.** | **3– النَّذْرُ لِغَيْرِ اللهِ تَعَالَى:** |

[53] Тафсӣр: ТӀабарий, агӀо: 20/216-217

| | |
|---|---|
| Лекха волчо аьлла: **«Цара кхочушдо шаьш дина нузарш,** | قَالَ تَعَالَى: ﴿يُوفُونَ بِٱلنَّذۡرِ |
| **кхоьруш а бу уьш шен вон дІасадаьржина хин долчу дийнах».**[54] | وَيَخَافُونَ يَوۡمٗا كَانَ شَرُّهُۥ مُسۡتَطِيرٗا ۝٧﴾ (سُورَةُ الإِنسَانِ، 7) |
| Кхин а аьлла Лекха волчо: **«Аша йина муьлхха а харж, я аша дина муьлхха а нузар, баккъал а, АллахІана хууш ду-кх иза».**[55] | وَقَالَ تَعَالَى: ﴿وَمَآ أَنفَقۡتُم مِّن نَّفَقَةٍ أَوۡ نَذَرۡتُم مِّن نَّذۡرٖ فَإِنَّ ٱللَّهَ يَعۡلَمُهُۥۗ﴾ (سُورَةُ البَقَرَةِ، 270) |
| Лекха волчу АллахІа хІокху сийлахь шина аятехь билгалди-кх, | فَبَيَّنَ اللهُ تَعَالَى فِي هَاتَيْنِ الْآيَتَيْنِ الْكَرِيمَتَيْنِ |
| нузар дар - Цунна лолла дар хилар, Лекха а, ЦІена а ву Иза. | أَنَّ النَّذْرَ عِبَادَةٌ لَهُ سُبْحَانَهُ وَتَعَالَى، |
| АллахІ, Лекха ву Иза, бекхам бийр болуш ву-кх шайн нузарш кхочушдеш болчарна, | وَأَنَّهُ تَعَالَى سَيُجَازِي الَّذِينَ يُوفُونَ بِهِ |
| боккха хин болчу бекхамца. | الْجَزَاءَ الْعَظِيمَ. |
| ТІаккха, цу тІе доьгІча-м, мегар дац хьуна хІара «нузар дар» лолла а, кхидолу лолла санна, Лекха волчу АллахІана бен хилийта. | وَعَلَيْهِ، فَلَا يَجُوزُ صَرْفُ هَذِهِ الْعِبَادَةِ كَغَيْرِهَا مِنَ الْعِبَادَاتِ لِغَيْرِ اللهِ تَعَالَى. |

[54] Сурат: Инсáн, аят: 7
[55] Сурат: БакъарахІ, аят: 270

| | |
|---|---|
| ТӀаккха цхьанна а мегар дац-кх ала: | إِذًا، فَلَا يَجُوزُ أَنْ يَقُولَ أَحَدٌ: |
| «Цамгарах сайна дарба хилахь, я Дала сайна доьзалхо лахь, ас хьенехана иштта нузар ма до», - я кхидолу и саннарг а, | (نَذَرْتُ لِفُلَانٍ كَذَا، لَوْ شُفِيتُ مِنْ مَرَضِي، أَوْ لَوْ رُزِقْتُ بِمَوْلُودٍ)، وَنَحْوَ ذَلِكَ، |
| хӀунда аьлча гӀоли еш верг АллахӀ ву, | لِأَنَّ الشَّافِيَ هُوَ اللهُ |
| рицкъ луш верг а АллахӀ ву, | وَالرَّازِقَ هُوَ اللهُ، |
| ахь нузар деш волу векларг вац. | وَلَيْسَ هَذَا الْمَيِّتَ. |
| **4- АллахӀ воцчуьнан дуьхьа урс хьакхар:** | **4– الذَّبْحُ لِغَيْرِ اللهِ:** |
| жинан дуьхьа, я веллачуьнан дуьхьа урс хьокхучарех терра, | كَالَّذِينَ يَذْبَحُونَ لِلْجِنِّ أَوْ لِلْمَوْتَى، |
| царна герга хилархьама. | يَتَقَرَّبُونَ لَهُمْ بِهَذَا الذَّبْحِ. |
| Ткъа урс хьакхар-м лолла дарна юкъадоьдуш ду, | لِأَنَّ الذَّبْحَ عِبَادَةٌ، |
| Лекха волчу АллахӀана бен хилийта йиш йоцуш. | فَلَا تُصْرَفُ إِلَّا لِلَّهِ تَعَالَى. |

| | |
|---|---|
| Лекха волчо аьлла: **«Хьайн Далла хилийта хьайн ламаз, урс хьакхар а хилийта Цуьнан дуьхьа а, Цуьнан цIарца а».**[56] | قَالَ تَعالَى: ﴿فَصَلِّ لِرَبِّكَ وَٱنۡحَرۡ ۝٢﴾ (سُورَةُ الكَوثَرِ، 2) |
| Кхин а аьлла Лекха волчо: **«Ахь ала: «Сан ламаз а, сан нусук дар а,** | وَقالَ تَعالَى: ﴿قُلۡ إِنَّ صَلَاتِي وَنُسُكِي |
| **сан вахар а, сан валар а Iаламийн Дела волчу АллахIан дуьхьа ду,** | وَمَحۡيَايَ وَمَمَاتِي لِلَّهِ رَبِّ ٱلۡعَٰلَمِينَ ۝١٦٢ |
| **цхьа а накъост вац Цуьнца,** | لَا شَرِيكَ لَهُۥۖ |
| **иштта ду соьга дина омра.** | وَبِذَٰلِكَ أُمِرۡتُ |
| **Бусалбанех хьалхарниг а ву со»».**[57] | وَأَنَا۠ أَوَّلُ ٱلۡمُسۡلِمِينَ ۝١٦٣﴾ (سُورَةُ الأَنعَامِ، 162-163) |
| Мужа́хIида а, СаIи́д ибн Жубайра а, Даххьа́ка а, уьш боцучара а аьлла: «Нусук - урс хьакхар ду».[58] | قَالَ مُجَاهِدٌ وَسَعِيدُ بْنُ جُبَيْرٍ وَالضَّحَّاكُ وَغَيْرُهُمْ: (النُّسُكُ: الذَّبْحُ). (فتح المجيد: 186) |

[56] Сурат: Кавсар, аят: 2
[57] Сурат: АнIа́м, аят: 162-163
[58] Фатхьул-мажи́д, агIо: 186

| | |
|---|---|
| **ЦхьайтталгӀа хаттар: «АллахӀан цӀершха а, Цуьнан куьцех а тешар» бохучуьнан маьӀна муха ду?** | **السُّؤَالُ الْحَادِي عَشَرَ: مَا مَعْنَى الْإِيمَانِ بِأَسْمَاءِ اللهِ وَصِفَاتِهِ؟** |
| **Жоп:** «АллахӀан цӀершха а, Цуьнан куьцех а тешар» бохучо шина хӀуманах тешар тӀедожадо: | **الْجَوَابُ**: مَعْنَى الْإِيمَانِ بِأَسْمَاءِ اللهِ وَصِفَاتِهِ اعْتِقَادُ شَيْئَيْنِ: |
| **Хьалхарниг:** Лекха волчу АллахӀа Шен ю аьлла сацийна йолу цӀерш, куьцаш сацор. | **الْأَوَّلُ**: أَنْ نُثْبِتَ لِلَّهِ تَعَالَى مَا أَثْبَتَهُ لِنَفْسِهِ مِنْ أَسْمَاءٍ وَصِفَاتٍ. |
| Вай тешаш ду-кх Лекха волу АллахӀ хиларх Ар-Рахьма́н (шортта а къинхетам берг), | فَنُؤْمِنُ بِأَنَّ اللهَ تَعَالَى هُوَ الرَّحْمَنُ |
| Ар-Рахьи́м (къинхетам беш верг), | وَهُوَ الرَّحِيمُ |
| Ал-Малик (Шен паччахьаллехь Шена луург деш верг), | وَهُوَ الْمَلِكُ |
| Ал-Къудду́с (Шеца хила там мел боцчух цӀена верг), | وَهُوَ الْقُدُّوسُ |
| Ас-Сала́м (массо сакхтах цӀена верг), | وَهُوَ السَّلَامُ |
| Ал-Муъмин (зулам дарх Шен халкъ маьрша дитинарг), | وَهُوَ الْمُؤْمِنُ |

| | |
|---|---|
| Ал-МухIаймин (Шен халкъана куьйгалла деш, цара мел дийриг хууш верг), | وَهُوَ الْمُهَيْمِنُ |
| Ал-Iази́з (Сийлахь, цхьаммо эшор воцуш, ницкъ берг), | وَهُوَ الْعَزِيزُ |
| Ал-Жаббáр (ницкъ берг эшош, гIийланиг чIагIвеш, массарна а тIехула верг), | وَهُوَ الْجَبَّارُ |
| Ал-Мутакаббир (Шен олаллица куралла еш верг), | وَهُوَ الْمُتَكَبِّرُ |
| Ал-ГIанийй (цхьаьнге а хьашто йоцуш, кхачаме верг), | وَهُوَ الْغَنِيُّ |
| Ал-Кари́м (Шега деха а дехале луш, комаьрша верг), | وَهُوَ الْكَرِيمُ |
| Ал-Iали́м (дерриге хууш верг), | وَهُوَ الْعَلِيمُ |
| Ал-Хьаки́м (хIора хIума шен метте дуьллуш верг). | وَهُوَ الْحَكِيمُ. |
| Иштта вай тешаш ду-кх Лекха волу АллахI хиларх Шен юьхь йолуш, | وَنُؤْمِنُ بِأَنَّ اللهَ تَعَالَى لَهُ وَجْهٌ |

| | |
|---|---|
| Шен ши куьг долуш, | وَلَهُ يَدَانِ |
| Шен ши бІаьрг болуш, | وَلَهُ عَيْنَانِ |
| иштта И хиларх стигланаш тІехула Іарш тІехь дІанисвелла, ЦІена ву-кх Иза, | وَأَنَّهُ سُبْحَانَهُ فَوْقَ سَمَاوَاتِهِ مُسْتَوٍ عَلَى عَرْشِهِ |
| иштта уьш доцурш а Лекха волчу АллахІа Шен ю аьлла билгалйиначу цІершха а, куьцех а, | إِلَى آخِرِ مَا أَثْبَتَهُ اللهُ تَعَالَى لِنَفْسِهِ مِنْ أَسْمَاءٍ وَصِفَاتٍ |
| Къуръан чохь а, хьадисехь а деъна долу. | مِمَّا وَرَدَ فِي الْكِتَابِ وَالسُّنَّةِ. |
| **ШолгІаниг:** Вай тешаш ду-кх Лекха волу АллахІ хиларх Шен цІершкахь а, куьцашкахь а Шех тера цхьа а воцуш. | **الثَّانِي**: نُؤْمِنُ بِأَنَّ اللهَ تَعَالَى لَيْسَ لَهُ شَبِيهٌ فِي أَسْمَائِهِ وَصِفَاتِهِ. |
| Лекха волу АллахІ массо хІуманах кхачаме ву-кх, | فَاللهُ تَعَالَى غَنِيٌّ |
| Цуьнан кхачаме хилар тера дац цхьаьннан а кхачаме хиларх. | وَلَا يُشْبِهُهُ أَحَدٌ فِي غِنَاهُ، |
| Лекха волу АллахІ Шега деха а дехале луш, комаьршаниг ву-кх, | وَاللهُ تَعَالَى كَرِيمٌ |

| | |
|---|---|
| Цуьнан комаьрша хилар тера дац цхьаьннан комаьрша хиларх. | وَلَا يُشْبِهُهُ أَحَدٌ فِي كَرَمِهِ، |
| Лекха волу АллахI дерриге хууш верг а, хIора хIума шен метте дуьллуш верг а ву-кх, | وَاللهُ تَعَالَى عَلِيمٌ حَكِيمٌ |
| Цуьнан хаар а, хIума шен метте диллар а тера дац цхьаьннан чух. | وَلَا يُشْبِهُهُ أَحَدٌ فِي عِلْمِهِ وَلَا فِي حِكْمَتِهِ، |
| Лекха волчу АллахIан юьхь ю-кх, | وَاللهُ تَعَالَى لَهُ وَجْهٌ |
| Цо кхоьллиначарех цхьаьннан чух тера а йоцуш. | لَيْسَ كَوَجْهِ الْمَخْلُوقِينَ، |
| Цуьнан ши куьг а ду, | وَلَهُ يَدَانِ |
| Цо кхоьллиначарех цхьаьннан чух тера а доцуш. | لَيْسَتَا كَأَيْدِي الْمَخْلُوقِينَ، |
| Цуьнан ши бIаьрг бу, | وَلَهُ عَيْنَانِ |
| Цо кхоьллиначарех цхьаьннан чух тера а боцуш. | لَيْسَتَا كَأَعْيُنِ الْمَخْلُوقِينَ، |
| Иза Шен Iарш тIе дIанисвелла а ву, | وَهُوَ سُبْحَانَهُ مُسْتَوٍ عَلَى عَرْشِهِ |

| | |
|---|---|
| ткъа Цуьнан дӀанисвалар Цо кхоьллиначарех цхьаьннан чух тера а дац, ЦӀена ву-кх Иза. | وَاسْتِوَاؤُهُ سُبْحَانَهُ لَيْسَ كَاسْتِوَاءِ الْمَخْلُوقِينَ |
| Иштта тешаш ду вай кхидӀа мел йолчу Цуьнан цӀершкахь а, куьцашкахь а, ЦӀена а, Лекха а ву Иза, | وَهَكَذَا فِي جَمِيعِ أَسْمَائِهِ وَصِفَاتِهِ سُبْحَانَهُ وَتَعَالَى |
| Цо кхоьллиначарех цхьаьннан чух тера уьш ца хиларх. | لَا يُشْبِهُهُ فِيهَا أَحَدٌ مِنْ خَلْقِهِ، |
| Цу дерригенехь вай олу: | وَنَقُولُ فِي ذَلِكَ كُلِّهِ: |
| **«Цунах тера цхьа а хӀума дац,** | ﴿لَيۡسَ كَمِثۡلِهِۦ شَيۡءٞۖ |
| **Хезаш а, Гуш а ву Иза».**[59] | وَهُوَ ٱلسَّمِيعُ ٱلۡبَصِيرُ ١١﴾ (سُورَةُ الشُّورَى، 11) |
| **ШийтталгӀа хаттар: «Маликех тешар» бохучуьнан маьӀна муха ду?** | **السُّؤَالُ الثَّانِي عَشَرَ: مَا مَعْنَى الْإِيمَانِ بِالْمَلَائِكَةِ؟** |
| **Жоп:** «Маликех тешар» бохучо ялх хӀуманах тешар тӀедожадо: | **الْجَوَابُ:** الْإِيمَانُ بِالْمَلَائِكَةِ مَعْنَاهُ اعْتِقَادُ سِتَّةِ أَشْيَاءَ: |
| **Хьалхарниг:** Маликаш хиларх тешар, | **الْأَوَّلُ:** الْإِيمَانُ بِوُجُودِ الْمَلَائِكَةِ، |

[59] Сурат: Шýрá, аят: 11

| | |
|---|---|
| Лекха волчу АллахIа Шен Къуръан чохь уьш хьахийна махиллара, | حَيْثُ ذَكَرَهُمُ اللهُ تَعَالَى فِي كِتَابِهِ، |
| иштта Пайхамара (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) хьадисашкахь а хьаха ма дарра. | وَذَكَرَهُمُ النَّبِيُّ ﷺ فِي السُّنَّةِ. |
| **ШолгIаниг:** Уьш нуьрех кхоьллина хиларх тешар. | **ثَانِيًا:** الْإِيمَانُ بِأَنَّهُمْ خُلِقُوا مِنَ النُّورِ. |
| Iáишата (АллахI реза хуьйла цунна) дийцина, АллахIан Элчано (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) элира аьлла: | فَعَنْ عَائِشَةَ رَضِيَ اللهُ عَنْهَا قَالَتْ: قَالَ رَسُولُ اللهِ ﷺ: |
| **«Маликаш нуьрех кхоьллина ду,** | **خُلِقَتِ الْمَلَائِكَةُ مِنْ نُورٍ،** |
| **жин цIеран буьхьигах кхоьллина ду,** | **وَخُلِقَ الْجَانُّ مِنْ مَارِجٍ مِنْ نَارٍ،** |
| **ткъа А́дам шуна дийциначух кхоьллина ву».**[60] | **وَخُلِقَ آدَمُ مِمَّا وُصِفَ لَكُمْ.** (صحيح: مسلم: 2996) |
| **КхозлагIниг**: Шайн цIерш вайн йийциначеран цIершха тешар: | **ثَالِثًا:** الْإِيمَانُ بِأَسْمَاءِ مَنْ عَلِمْنَا مِنْهُمْ، |

[60] Сахьи́хь: Муслим: 2996

| | |
|---|---|
| Жибри́л, Исра́фи́л, Ми́ка́и́л, Ма́лик, Ридва́н [61] (IалайхIимус-салам). | كَجِبْرِيلَ وَإِسْرَافِيلَ وَمِيكَائِيلَ وَمَالِكٍ وَرِضْوَانٍ عَلَيْهِمُ السَّلَامُ. |
| **ДоьазлагIниг:** Шайн куьцаш вайна дийцинačеран куьцех тешар: | **رَابِعًا**: الْإِيمَانُ بِأَوْصَافِ مَنْ عَلِمْنَا وَصْفَهُ، |
| хьадисашкара вайна девзина ма-хиллара, Жибри́лан (IалайхIис-салам) ялх бIе тIам хиларх, ана дIа а къовлуш. | كَمَا عَلِمْنَا مِنَ السُّنَّةِ وَصْفَ جِبْرِيلَ عَلَيْهِ السَّلَامُ، وَأَنَّ لَهُ سِتَّ مِئَةِ جَنَاحٍ قَدْ مَلَأَ الْأُفُقَ. |
| **ПхоьалгIаниг:** Шайн белхаш вайна дийцинačеран белхех тешар: | **خَامِسًا**: الْإِيمَانُ بِأَعْمَالِ مَنْ عَلِمْنَا عَمَلَهُ مِنْهُمْ، |
| Жибри́л (IалайхIис-салам) элчанашка хаам бан дохуьйтуш тIехIоттийна ма хиллара. | كَجِبْرِيلَ عَلَيْهِ السَّلَامُ مُوَكَّلٌ بِالْوَحْيِ، |
| Исра́фи́л маI чу хIуп ала тIехIоттийна ма хиллара. | وَإِسْرَافِيلَ مُوَكَّلٌ بِالنَّفْخِ فِي الصُّورِ، |
| Ми́ка́и́л догIанна тIехIоттийна ма хиллара. | وَمِيكَائِيلَ مُوَكَّلٌ بِالْمَطَرِ، |

[61] [Ялсаманина тIехоттийна маликан цIе Ридва́н хилар гойтуш деъна масийтта хьадис ду, амма уьш деррише даIиф ду].

| | |
|---|---|
| Ма́лик жоьжахатин тӀехӀоттийна ма хиллара, иштта кхидӀа а. | وَمَالِكٍ مُوَكَّلٌ بِالنَّارِ وَهَكَذَا. |
| **ЯлхалгӀаниг:** Уьш АллахӀа шайга динчу омранна цкъа а Ӏеса хуьлуш ца хиларх, шайга мел дина омра цара кхочущдеш хиларх тешар. | **سَادِسًا**: الْإِيمَانُ بِأَنَّهُمْ لَا يَعْصُونَ اللهَ مَا أَمَرَهُمْ وَيَفْعَلُونَ مَا يُؤْمَرُونَ. |
| **КхойтталгӀа хаттар: «Жайнех тешар» бохучуьнан маьӀна муха ду?** | **السُّؤَالُ الثَّالِثَ عَشَرَ: مَا مَعْنَى الْإِيمَانِ بِالْكُتُبِ؟** |
| **Жоп:** «Жайнех тешар» бохучо ялх хӀуманах тешар тӀедожадо: | **الْجَوَابُ**: الْإِيمَانُ بِالْكُتُبِ مَعْنَاهُ اعْتِقَادُ سِتَّةِ أَشْيَاءَ: |
| **Хьалхарниг:** Уьш дерриге а Лекха волчу АллахӀа диссийна хиларх тешар, | **أَوَّلًا**: اعْتِقَادُ أَنَّ جَمِيعَهَا مُنَزَّلٌ مِنْ عِنْدِ اللهِ تَعَالَى، |
| царех ду Лекха верг гуш а воцуш, пардона тӀехьара Цо Ша схьахазийтинарг а, кхин юкъахь къамел дӀакхачош цхьа а воцуш. | فَمِنْهَا الْمَسْمُوعُ مِنْهُ تَعَالَى مِنْ وَرَاءِ حِجَابٍ بِدُونِ وَاسِطَةٍ، |
| Царех ду Жибри́лехула (ӀалайхӀиссалам) элчанашна тӀедоссийнарг а. | وَمِنْهَا مَا نَزَلَ عَلَى الرُّسُلِ بِوَاسِطَةِ جِبْرِيلَ عَلَيْهِ السَّلَامُ |
| Царех ду Лекха волчу АллахӀа Шен куьйга яздинарг а. | وَمِنْهَا مَا كَتَبَهُ اللهُ تَعَالَى بِيَدِهِ. |

| | |
|---|---|
| Лекха волчо ма-аллара: **«Адаман дац АллахIаца къамел дар, АллахIа цуьнга хаам бар доцург,** | كَمَا قَالَ تَعَالَى: ﴿وَمَا كَانَ لِبَشَرٍ أَن يُكَلِّمَهُ ٱللَّهُ إِلَّا وَحۡيًا |
| **я Ша гуш воцуш пардо тIехьахула къамел дар бен,** | أَوۡ مِن وَرَآيِٕ حِجَابٍ |
| **я геланча дахийтина, Шегара пурбанца, Шена луучуьнца хаам бар бен,** | أَوۡ يُرۡسِلَ رَسُولٗا فَيُوحِيَ بِإِذۡنِهِۦ مَا يَشَآءُۚ |
| **баккъал а, Лакххахь верг а, Хьикматениг а ву Иза».**[62] | إِنَّهُۥ عَلِيٌّ حَكِيمٞ ﴿٥١﴾﴾ (سُورَةُ الشُّورَى، 51) |
| Кхин а аьлла Лекха волчо: **«Оха Му́са́на дIаяздира-кх Таврáт чохь, шен динах цунна хьашто мел йолчу хIуманах хьехам а,** | وَقَالَ تَعَالَى: ﴿وَكَتَبۡنَا لَهُۥ فِي ٱلۡأَلۡوَاحِ مِن كُلِّ شَيۡءٖ مَّوۡعِظَةٗ |
| **динан массо хIуманах кхетор а».**[63] | وَتَفۡصِيلٗا لِّكُلِّ شَيۡءٖ﴾ (سُورَةُ الأَعْرَافِ، 145) |
| А́дам а, Му́сá а къовсавалар дуьйцу хьадисехь а ду, А́дама цуьнга элира аьлла: | وَفِي حَدِيثِ مُحَاجَّةِ آدَمَ وَمُوسَى قَالَ لَهُ آدَمُ: |

[62] Сурат: Шу́рá, аят: 51
[63] Сурат: АIрáф, аят: 145

| | |
|---|---|
| **«ХIай Му́са́, АллахIа хаьржина-кх хьо, Ша хьоьца къамел дарца а,** | **يَا مُوسَى، اصْطَفَاكَ اللهُ بِكَلَامِهِ** |
| **хьуна Тавра́т Шен куьйга яздарца а».[64]** | **وَخطَّ لَكَ التَّوْرَاةَ بِيَدِهِ.** (صحيح: البخاري: 6614، مسلم: 2652) [واللفظ لابن ماجه: 80، وصححه الألباني في ظلال الجنة: 145] |
| **ШолгIаниг:** Къуръан чохь а, хьадисашкахь а дийцина долчу жайнех тешар | **ثَانِيًا:** الْإِيمَانُ بِالْكُتُبِ الَّتِي ذُكِرَتْ لَنَا فِي الْكِتَابِ وَالسُّنَّةِ، |
| Уьш: Къуръан, Тавра́т, | وَهِيَ: الْقُرْآنُ، وَالتَّوْرَاةُ، |
| Инжи́л, Забу́р, | وَالْإِنْجِيلُ، وَالزَّبُورُ، |
| Ибра́хIи́ме а, Му́са́га а диссийна тептарш. | وَصُحُفُ إِبْرَاهِيمَ وَمُوسَى، |
| Иштта вайна дийцина доцчу жайнех тешар а. | وَالْإِيمَانُ بِالْكُتُبِ الَّتِي لَمْ تُذْكَرْ لَنَا. |
| Лекха волчо ма-аллара: **«Ахь ала: «Со тешаш ву АллахIа мел доссийначу жайнах»».[65]** | كَمَا قَالَ تَعَالَى: ﴿وَقُلْ ءَامَنتُ بِمَآ أَنزَلَ ٱللَّهُ مِن كِتَٰبٍ﴾ (سُورَةُ الشُّورَى، 15) |

[64] Сахьи́хь: Буха́рий: 6614. Муслим: 2652 [Иштта кху дешнашца Ибн Ма́жахI дийцина ду хIара, 80-гIа лоьмарца, Алба́нис сахьи́хь а дина «Зыла́лул-жаннахI» жайнахь: 145]
[65] Сурат: Шу́ра́, аят: 15

| | |
|---|---|
| **КхозлагIниг:** Къуръанал хьалха диссийна долу дерриге жайнаш хийцина хиларх тешар. | **ثَالِثًا**: الْإِيمَانُ بِأَنَّ جَمِيعَ الْكُتُبِ قَبْلَ الْقُرْآنِ قَدْ حُرِّفَتْ. |
| Лекха волчо ма-аллара: **«Жуьгташна юкъахь бу-кх АллахIан къамел хуьйцуш берш».**[66] | كَمَا قَالَ تَعَالَى: ﴿مِّنَ ٱلَّذِينَ هَادُواْ يُحَرِّفُونَ ٱلْكَلِمَ عَن مَّوَاضِعِهِۦ﴾ (سُورَةُ النِّسَاءِ، 46) |
| Кхин а аьлла Лекха волчо: **«ХIай, аша сатуьйсу жуьгтий шайн дине бахкаре?** | وَقَالَ تَعَالَى: ﴿۞أَفَتَطْمَعُونَ أَن يُؤْمِنُواْ لَكُمْ |
| **Царех ма яра цхьа тоба АллахIан къамеле ла а дугIий,** | وَقَدْ كَانَ فَرِيقٌ مِّنْهُمْ يَسْمَعُونَ كَلَٰمَ ٱللَّهِ |
| **цул тIаьхьа иза хуьйцуш,** | ثُمَّ يُحَرِّفُونَهُۥ |
| **шаьш цунах кхеттачул тIаьхьа,** | مِنۢ بَعْدِ مَا عَقَلُوهُ |
| **шаьш харцо кхуллуш дуй хуушехь».**[67] | وَهُمْ يَعْلَمُونَ ﴿٧٥﴾ (سُورَةُ البَقَرَةِ، 75) |
| Кхин а аьлла Лекха волчо: **«ХIай жайнин охIла,** | وَقَالَ تَعَالَى: ﴿يَٰٓأَهْلَ ٱلْكِتَٰبِ |

[66] Сурат: Нисáъ, аят: 46
[67] Сурат: Бакъарат, аят: 75

| | |
|---|---|
| **тхан элча Мухьаммад веъна-кх шуьга,** | قَدْ جَآءَكُمْ رَسُولُنَا |
| **Тавра́т а, Инжи́л а чуьра нахана аша хьулдеш хиллачух дуккха а шуна довзуьйтуш,** | يُبَيِّنُ لَكُمْ كَثِيرًا مِّمَّا كُنتُمْ تُخْفُونَ مِنَ ٱلْكِتَٰبِ |
| **дуккха тар а долуьйту Цо».**[68] | وَيَعْفُواْ عَن كَثِيرٍۚ﴾ (سُورَةُ المَائِدَةِ، 15) |
| **ДоьазлагӀниг:** Лекха волчу АллахӀа Къуръан лардина хиларх тешар хийцарх а, хедорх а. | **رَابِعًا**: الْإِيمَانُ بِأَنَّ اللهَ تَعَالَى قَدْ حَفِظَ الْقُرْآنَ مِنَ التَّحْرِيفِ وَالتَّغْيِيرِ. |
| Лекха волчо ма-аллара: **«Массо хӀума шена чохь хьахийна долу и Къуръан, баккъал а, Оха доссийна ма ду,** | كَمَا قَالَ تَعَالَى: ﴿إِنَّا نَحْنُ نَزَّلْنَا ٱلذِّكْرَ |
| **баккъал а, Оха лардеш а ма ду иза».**[69] | وَإِنَّا لَهُۥ لَحَٰفِظُونَ ۝٩﴾ (سُورَةُ الحِجْرِ، 9) |
| Кхин а аьлла Лекха волчо: **«Баккъал а, массо хӀума шена чохь хьахийна долу Къуръан шайга дӀакхаьчначул тӀаьхьа керстаналла диначарна Ӏазап лур ма ду,** | وَقَالَ تَعَالَى: ﴿إِنَّ ٱلَّذِينَ كَفَرُواْ بِٱلذِّكْرِ لَمَّا جَآءَهُمْۖ |

[68] Сурат: Ма́идахI, аят: 15
[69] Сурат: Хьижр, аят: 9

| | |
|---|---|
| **баккъал а, и Къуръан тоьлла жайна ма ду, галдаккха цхьаьннан а ницкъ кхочур боцуш.** | وَإِنَّهُۥ لَكِتَٰبٌ عَزِيزٌ ﴿٤١﴾ |
| **Харцо герга а ца хуьлу цунна, хьалхашхула а, я тIехьашхула а,** | لَّا يَأۡتِيهِ ٱلۡبَٰطِلُ مِنۢ بَيۡنِ يَدَيۡهِ وَلَا مِنۡ خَلۡفِهِۦۖ |
| **Хьикмате, Хастамечуьнгара доссийна ду иза».**[70] | تَنزِيلٌ مِّنۡ حَكِيمٍ حَمِيدٍ ﴿٤٢﴾ (سُورَةُ فُصِّلَتْ، 41-42) |
| **ПхоьалгIаниг:** Стиглара диссийначу жайнех тIаьххьарниг Къуръан хиларх тешар, | **خَامِسًا:** الْإِيمَانُ بِأَنَّ الْقُرْآنَ آخِرُ الْكُتُبِ السَّمَاوِيَّةِ نُزُولًا، |
| цул тIаьхьа кхин жайна дуссур а доцуш. | فَلَا كِتَابَ بَعْدَهُ. |
| Лекха волчо ма-аллара: **«Шух цхьана а стеган да вац Мухьаммад,** | كَمَا قَالَ تَعَالَى: ﴿مَّا كَانَ مُحَمَّدٌ أَبَآ أَحَدٍ مِّن رِّجَالِكُمۡ |
| **делахь а, АллахIан элча а, пайхамарех тIаьххьарниг а ву иза.** | وَلَٰكِن رَّسُولَ ٱللَّهِ وَخَاتَمَ ٱلنَّبِيِّـۧنَۗ |

[70] Сурат: Фуссилат, аят: 41-42

| | |
|---|---|
| **АллахI ву-кх аша дийриг массо а хIума хууш».**[71] | وَكَانَ ٱللَّهُ بِكُلِّ شَيۡءٍ عَلِيمٗا ﴿٤٠﴾ (سُورَةُ الأَحْزَابِ، 40) |
| Пайхамар (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) дIакхелхинчул тIаьхьа | وَلَمَّا تُوُفِّيَ رَسُولُ اللهِ ﷺ |
| Абу-Бакр а, Iумар а вахнера Умм Айман йолче зерат дан, | انْطَلَقَ أَبُوبَكْرٍ وَعُمَرُ إِلَى أُمِّ أَيْمَنَ يَزُورَاهَا، |
| тIаккха цушинна иза йоьлхуш карийра. | فَوَجَدَاهَا تَبْكِي، |
| Цара хаьттира: «ХIунда йоьлхуш ю хьо?». | فَقَالَا: مَا يُبْكِيكِ؟ |
| Цо жоп делира: «Стиглара оьху хаам дIахадарна йоьлху со!». | فَقَالَتْ: أَبْكِي أَنَّ الْوَحْيَ انْقَطَعَ مِنَ السَّمَاءِ، |
| Цушинга а велхар доссийра цо, | فَهَيَّجَتْهُمَا عَلَى الْبُكَاءِ، |
| тIаккха и шиъ а вилхира цуьнца![72] | فَجَعَلَا يَبْكِيَانِ مَعَهَا. (صحيح: مسلم: 2454) |
| **ЯлхалгIаниг:** Къуръан хьалха дIа мел даханчу жайнашна тешаме дерг хиларх тешар, | **سَادِسًا:** الْإِيمَانُ بِأَنَّ الْقُرْآنَ مُهَيْمِنٌ عَلَى جَمِيعِ الْكُتُبِ السَّابِقَةِ، |

[71] Сурат: Ахьзáб, аят: 40
[72] Сахьи́хь: Муслим: 2454

| | |
|---|---|
| и бохург - царна тӀехь теш а, куьйгалла деш а хилар ду. | أَيْ: شَاهِدًا وَحَاكِمًا عَلَيْهَا. |
| Къуръан царна тӀехь теш хилар ду – | فَأَمَّا شَهَادَتُهُ عَلَيْهَا: |
| цу жайнаш чохь долу нийса дерг Къуръано бакъдар, | فَلِأَنَّهُ يُصَدِّقُ مَا فِيهَا مِنَ الصَّحِيحِ، |
| уьш хийцар, хедор Къуръано дацаре дар. | وَيَنْفِي مَا وَقَعَ فِيهَا مِنَ التَّغْيِيرِ وَالتَّحْرِيفِ. |
| Ткъа Къуръан царна тӀехь куьйгалла деш хилар ду – | وَأَمَّا حُكْمُهُ عَلَيْهَا: |
| цу жайнаш чуьра цхьадолу хьукманаш дӀадохуш, керла хьукманаш Къуръано дар. | فَلِأَنَّهُ يَنْسَخُ بَعْضَ الْأَحْكَامِ مِنْهَا، وَيَأْتِي بِأَحْكَامٍ جَدِيدَةٍ. |
| Цуьнан тоьшалла Лекха волчуьнан дош ду-кх: **«ХӀай Пайхамар! Оха хьоьга доссийна-кх Къуръан, шена чохь мел дерг бакъ долуш,** | وَدَلِيلُ ذَلِكَ قَوْلُهُ تَعَالَى: ﴿وَأَنزَلْنَآ إِلَيْكَ ٱلْكِتَٰبَ بِٱلْحَقِّ |
| **шел хьалха диссийна жайнаш бакъхилар тӀечӀагӀдеш,** | مُصَدِّقًا لِّمَا بَيْنَ يَدَيْهِ مِنَ ٱلْكِتَٰبِ |
| **цара деъна цхьадолу хьукманаш дӀа а дохуш,** | وَمُهَيْمِنًا عَلَيْهِۖ |

| | |
|---|---|
| **тIаккха хьайн кхеле баьхкиначарна юккъехь Къуръанца кхел е ахь».**[73] | فَٱحۡكُم بَيۡنَهُم بِمَآ أَنزَلَ ٱللَّهُۖ﴾ (سُورَةُ المَائِدَةِ، 48) |
| **ДейтталгIа хаттар: «Элчанех тешар» бохучуьнан маьIна муха ду?** | **السُّؤَالُ الرَّابِعَ عَشَرَ: مَا مَعْنَى الْإِيمَانِ بِالرُّسُلِ؟** |
| **Жоп:** Элчанех тешар бохучо диъ хIуманах тешар тIедожадо: | **الْجَوَابُ**: الْإِيمَانُ بِالرُّسُلِ مَعْنَاهُ اعْتِقَادُ أَرْبَعَةِ أَشْيَاءَ: |
| **Хьалхарниг:** Лекха волчу АллахIа массо умматашка элча вахийтина хиларх тешар, | **أَوَّلًا**: الْإِيمَانُ بِأَنَّ اللهَ تَعَالَى قَدْ بَعَثَ فِي كُلِّ أُمَّةٍ رَسُولًا |
| цаьрга лолла деккъа цхьана АллахIана даре а, | يَدْعُوهُمْ إِلَى عِبَادَةِ اللهِ وَحْدَهُ |
| и воцчунна лолла дарх керстаналла даре а кхойкхуш, ЦIена а, Лекха а ву Иза. | وَالْكُفْرِ بِمَا يُعْبَدُ مِنْ دُونِهِ سُبْحَانَهُ وَتَعَالَى. |
| Лекха волчо ма-аллара: **«Оха массо уммате элча вахийтина, - «АллахIана де лолла, тIагIутах генадовла», - олуш».**[74] | كَمَا قَالَ تَعَالَى: ﴿وَلَقَدۡ بَعَثۡنَا فِي كُلِّ أُمَّةٖ رَّسُولًا أَنِ ٱعۡبُدُواْ ٱللَّهَ وَٱجۡتَنِبُواْ ٱلطَّٰغُوتَۖ﴾ (سُورَةُ النَّحۡلِ، 36) |

[73] Сурат: Ма́идахI, аят: 48
[74] Сурат: Нахьл, аят: 36

| | |
|---|---|
| **ШолгIаниг:** Къуръанчохь а, хьадисашкахь а шайн цIерш хьахийначу элчанех тешар. | **ثَانِيًا**: الْإِيمَانُ بِالرُّسُلِ الَّذِينَ ذُكِرَتْ لَنَا أَسْمَاؤُهُمْ فِي الْكِتَابِ وَالسُّنَّةِ، |
| Уьш: А́дам, Ну́хь, Идри́с, Ибра́хIи́м, Исхьа́къ, ЯIкъу́б, Да́ву́д, Сулайма́н, Аййу́б, Ю́суф, Му́са́, ХIа́ру́н, Закариййа́, Яхья́, Iи́са́, Илья́с, Исма́Iи́л, ЙасаI, Ю́нус, ХIу́д, Са́лихь, Лу́тI, ШуIайб, Зул-Кифл, пайхамарех тIаьххьарниг - Мухьаммад а. | وَهُمْ: آدَمُ، وَنُوحٌ، وَإِدْرِيسُ، وَإِبْرَاهِيمُ، وَإِسْحَاقُ، وَيَعْقُوبُ، وَدَاوُدُ، وَسُلَيْمَانُ، وَأَيُّوبُ، وَيُوسُفُ، وَمُوسَى، وَهَارُونُ، وَزَكَرِيَّا، وَيَحْيَى، وَعِيسَى، وَإِلْيَاسُ، وَإِسْمَاعِيلُ، وَالْيَسَعُ، وَيُونُسُ، وَهُودٌ، وَصَالِحٌ، وَلُوطٌ، وَشُعَيبٌ، وَذُو الْكِفْلِ، وَخَاتَمُ النَّبِيِّينَ مُحَمَّدٌ، |
| ХIорш ткъе пхи пайхамар а, элча а ву, царна массарна хуьйла АллахIан салават а, салам а. | فَهَؤُلَاءِ خَمْسَةٌ وَعِشْرُونَ نَبِيًّا وَرَسُولًا عَلَيْهِمُ الصَّلَاةُ وَالسَّلَامُ أَجْمَعِينَ. |
| Иштта шайн цIерш вайна йийцина боцчу элчанех а тешар. | وَالْإِيمَانُ بِالرُّسُلِ الَّذِينَ لَمْ تُذْكَرْ لَنَا أَسْمَاؤُهُمْ، |
| Лекха волчо ма-аллара: **«ХIай Пайхамар! Хьол хьалха а бахийтина Оха элчанаш,** | كَمَا قَالَ تَعَالَى: ﴿وَلَقَدْ أَرْسَلْنَا رُسُلًا مِّن قَبْلِكَ |
| **царех Оха хьуна бийцинарш а бу, Оха хьуна бийцаза берш а бу».**[75] | مِنْهُم مَّن قَصَصْنَا عَلَيْكَ وَمِنْهُم مَّن لَّمْ نَقْصُصْ عَلَيْكَ﴾ (سُورَةُ غَافِرٍ، 78) |

[75] Сурат: ГIа́фир, аят: 78

| | |
|---|---|
| **КхозлагIниг:** Мухьаммад (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) пайхамарех тIаьххьарниг хиларх тешар, | **ثَالِثًا:** الْإِيمَانُ بِأَنَّ مُحَمَّدًا ﷺ هُوَ آخِرُ الْأَنْبِيَاءِ، |
| шел тIаьхьа кхин пайхамар хир а воцуш. | فَلَا نَبِيَّ بَعْدَهُ، |
| Лекха волчо ма-аллара: **«Шух цхьана а стеган да вац Мухьаммад,** | كَمَا قَالَ تَعَالَى: ﴿مَّا كَانَ مُحَمَّدٌ أَبَآ أَحَدٍ مِّن رِّجَالِكُمْ |
| **делахь а, АллахIан элча а, пайхамарех тIаьххьарниг а ву иза.** | وَلَٰكِن رَّسُولَ ٱللَّهِ وَخَاتَمَ ٱلنَّبِيِّـۧنَ |
| **АллахI ву-кх аша дийриг массо а хIума хууш».**[76] | وَكَانَ ٱللَّهُ بِكُلِّ شَيْءٍ عَلِيمًا ۝٤٠﴾ (سُورَةُ الأَحْزَابِ، 40) |
| **ДоьазлагIниг:** Берриг пайхамарша (IалайхIимуссалату вассалам) АллахIа шайга мел даийтинарг дIакхачийна хиларх тешар, | **رَابِعًا:** اعْتِقَادُ أَنَّهُمْ عَلَيْهِمُ الصَّلَاةُ وَالسَّلَامُ بَلَّغُوا جَمِيعَ مَا أَرْسَلَهُمُ اللهُ بِهِ، |
| цхьа а элп къайладаьхьна а, я хийцина а, | لَمْ يَكْتُمُوا حَرْفًا وَلَمْ يُغَيِّرُوهُ |

[76] Сурат: Ахьза́б, аят: 40

| | |
|---|---|
| я шайгара тӀетоьхна а, я эшийна а доцуш. | وَلَمْ يَزِيدُوا فِيهِ مِنْ عِنْدِ أَنْفُسِهِمْ حَرْفًا وَلَمْ يُنقِصُوهُ، |
| Лекха волчо ма-аллара: **«Элчанашна тӀехь дуй ткъа, къеггина билгалдеш дӀакхайкхор бен?!».**[77] | كَمَا قَالَ تَعَالَى: ﴿فَهَلْ عَلَى ٱلرُّسُلِ إِلَّا ٱلْبَلَٰغُ ٱلْمُبِينُ ۝٣٥﴾ (سُورَةُ النَّحْلِ، 35) |
| **ПхийтталгӀа хаттар: «ТӀаьххьарчу дийнах тешар» бохучуьнан маьӀна муха ду?** | **السُّؤَالُ الْخَامِسَ عَشَرَ: مَا مَعْنَى الْإِيمَانِ بِالْيَوْمِ الْآخِرِ؟** |
| **Жоп:** «ТӀаьххьарчу дийнах тешар» бохучо бархӀ хӀуманах тешар тӀедожадо: | **الْجَوَابُ:** الْإِيمَانُ بِالْيَوْمِ الْآخِرِ مَعْنَاهُ اعْتِقَادُ ثَمَانِيَةِ أَشْيَاءَ: |
| **Хьалхарниг:** Кошахь хин долчу Ӏазапах а, цу чохь хин долчу ниӀматах а тешар. | **أَوَّلًا:** الْإِيمَانُ بِعَذَابِ الْقَبْرِ وَنَعِيمِهِ. |
| Анас ибн Ма́лика (АллахӀ реза хуьйла цунна) дийцина, АллахӀан Элчано (саллаллахӀу ӀалайхӀи ва саллам) элира аьлла: | عَنْ أَنَسِ بْنِ مَالِكٍ رَضِيَ اللهُ عَنْهُ، أَنَّ رَسُولَ اللهِ ﷺ قَالَ: |
| **«Лай каш чу виллина, нах дӀабоьлхуш, церан мачийн лар ма хеза цунна.** | **إِنَّ الْعَبْدَ إِذَا وُضِعَ فِي قَبْرِهِ وتَوَلَّى عَنْهُ أَصْحَابُهُ، وَإِنَّهُ لَيَسْمَعُ قَرْعَ نِعَالِهِمْ،** |

[77] Сурат: Нахьл, аят: 35

| | |
|---|---|
| **ТIаккха ши малик а догIий, кIегарахаавo и, тIаккха хотту цушиммо:** | أَتَاهُ مَلَكَانِ فَيُقْعِدَانِهِ فَيَقُولَانِ: |
| **«Мухьаммад (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) олуш волчу стеган хьокъехь хIун олура ахь?».** | مَا كُنْتَ تَقُولُ فِي هَذَا الرَّجُلِ – لِمُحَمَّدٍ ﷺ – ؟ |
| **Ткъа муъмин стага жоп лур ду: «Ас тоьшалла до иза АллахIан лай а, Цуьнан элча а хиларца».** | فَأَمَّا الْمُؤْمِنُ فَيَقُولُ: أَشْهَدُ أَنَّهُ عَبْدُ اللَّهِ وَرَسُولُهُ. |
| **ТIаккха цуьнга эр ду: «Хьажа жоьжахатера хьайн меттиге,** | فَيُقَالُ لَهُ: انْظُرْ إِلَى مَقْعَدِكَ مِنَ النَّارِ |
| **АллахIа ялсаманица хийцина хьан иза», -** | قَدْ أَبْدَلَكَ اللَّهُ بِهِ مَقْعَدًا مِنَ الْجَنَّةِ. |
| **и шиэ гойтур ю цунна».** | فَيَرَاهُمَا جَمِيعًا. |
| (Къатáдата аьлла: «Тхуна дийцира цуьнан каш шордийр ду аьлла», - тIаккха кхидIа Анасан хьадис дIадийцира цо:) | قَالَ قَتَادَةُ: وَذُكِرَ لَنَا: أَنَّهُ يُفْسَحُ لَهُ فِي قَبْرِهِ، ثُمَّ رَجَعَ إِلَى حَدِيثِ أَنَسٍ |
| **«ТIаккха мунафикъе а, керстане а эр ду: «Оцу стеган хьокъехь ахь хIун олура?».** | قَالَ: وَأَمَّا الْمُنَافِقُ وَالْكَافِرُ فَيُقَالُ لَهُ: مَا كُنْتَ تَقُولُ فِي هَذَا الرَّجُلِ؟ |

| | |
|---|---|
| **Цо жоп лур ду: «Ца хаьа суна, наха олург ала-м олура ас дуьнен чохь волуш».** | **فَيَقُولُ: لَا أَدْرِي، كُنْتُ أَقُولُ مَا يَقُولُ النَّاسُ.** |
| **ТIаккха цуьнга эр ду: «Хаа а ца хии хьуна, я хуучунна тIаьхьа а ца везира хьо!».** | **فَيُقَالُ: لَا دَرَيْتَ وَلَا تَلَيْتَ.** |
| **Цул тIаьхьа эчиган жIов тухур ю цунна,** | **وَيُضْرَبُ بِمَطَارِقَ مِنْ حَدِيدٍ ضَرْبَةً** |
| **цо мохь хьоккхур бу, адам а, жин а доцчунна, дуьнен тIехь мел долчу хIуманна дIа а хезаш».[78]** | **فَيَصِيحُ صَيْحَةً يَسْمَعُهَا مَن يَلِيهِ غَيْرَ الثَّقَلَيْنِ.** (صحيح: البخاري: 1374، ومسلم: 2870) |
| Иштта кхин а дийцина Зайд ибн Сáбита (АллахI реза хуьйла цунна), цо аьлла: | عَنْ زَيْدِ بْنِ ثَابِتٍ رَضِيَ اللهُ عَنْهُ قَالَ: |
| «Пайхамар (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) шен бIарзи тIехь Нажжáр тайпанах болчу нехан бешахь волуш, тхо а дара цуьнца. | بَيْنَمَا النَّبِيُّ ﷺ فِي حَائِطٍ لِبَنِي النَّجَّارِ، عَلَى بَغْلَةٍ لَهُ، وَنَحْنُ مَعَهُ، |
| Цуьнан бIарза къаьхкира, Пайхамар чутохаза велира цо. | إِذْ حَادَتْ بِهِ، فَكَادَتْ تُلْقِيهِ |

[78] Сахьи́хь: Буха́рий: 1374. Муслим: 2870

| | |
|---|---|
| ТӀаккха деа, я пхеа, я ялх коша уллехь нисвелира и. Цо элира: **«ХӀокху кешнашкахь дӀабоьхкинарш хьанна бевзу?».** | وَإِذَا أَقْبُرٌ سِتَّةٌ، أَوْ خَمْسَةٌ، أَوْ أَرْبَعَةٌ، فَقَالَ: **مَنْ يَعْرِفُ أَصْحَابَ هَذِهِ الْأَقْبُرِ؟** |
| Цхьамма жоп делира цунна, шена бевзу аьлла. | فَقَالَ رَجُلٌ: أَنَا. |
| Пайхамара хаьттира: **«Маца белла бу хӀорш?».** | قَالَ: **فَمَتَى مَاتَ هَؤُلَاءِ؟** |
| Цу стага жоп делира: «Бусалба дин тӀедале, ширкехь белла бу». | قَالَ: مَاتُوا فِي الْإِشْرَاكِ. |
| ТӀаккха Пайхамара элира: **«ХӀара уммат шен кешнаш чохь зуьйр долуш ду,** | فَقَالَ: **إِنَّ هَذِهِ الْأُمَّةَ تُبْتَلَى فِي قُبُورِهَا،** |
| **велларг аша дӀавуллуш вацахьара,** | **فَلَوْلَا أَنْ لَا تَدَافَنُوا** |
| **АллахӀе доьхур ма дара ас, сайна хезаш долу кошан Ӏазап шуна а хазийта аьлла».** | **لَدَعَوْتُ اللَّهَ أَنْ يُسْمِعَكُمْ مِنْ عَذَابِ الْقَبْرِ الَّذِي أَسْمَعُ مِنْهُ.** |
| ТӀаккха, Шен юьхьаца тхуна тӀе а вирзина, элира цо: **«АллахӀаца жоьжахатин Ӏазапах ларлойша».** | ثُمَّ أَقْبَلَ عَلَيْنَا بِوَجْهِهِ، فَقَالَ: **تَعَوَّذُوا بِاللَّهِ مِنْ عَذَابِ النَّارِ.** |

| | |
|---|---|
| Асхьабаша элира: «АллахӀаца ларло-кх тхо жоьжахатин Ӏазапах». | قَالُوا: نَعُوذُ بِاللَّهِ مِنْ عَذَابِ النَّارِ. |
| Юха а элира Пайхамара: **«АллахӀаца кошан Ӏазапах ларлойша».** | فَقَالَ: **تَعَوَّذُوا بِاللَّهِ مِنْ عَذَابِ الْقَبْرِ**. |
| Асхьабаша элира: «АллахӀаца ларло-кх тхо кошан Ӏазапах»»».[79] | قَالُوا: نَعُوذُ بِاللَّهِ مِنْ عَذَابِ الْقَبْرِ. (صحيح: مسلم: 2867) |
| Кхин а Ибн Ӏумара (АллахӀ реза хуьйла цушинна) дийцина, АллахӀан Элчано (саллаллахӀу ӀалайхӀи ва саллам) элира аьлла: | وَعَنْ عَبْدِ اللهِ بْنِ عُمَرَ رَضِيَ اللهُ عَنْهُمَا، أَنَّ رَسُولَ اللَّهِ ﷺ قَالَ: |
| **«Шух цхьаъ велча,** | **إِنَّ أَحَدَكُمْ إِذَا مَاتَ** |
| **Ӏуьйранна а, суьйранна а шен хин йолу меттиг гойту цунна,** | **عُرِضَ عَلَيْهِ مَقْعَدُهُ بِالْغَدَاةِ وَالْعَشِيِّ،** |
| **ялсаманин охӀлунах иза велахь - ялсаманин охӀланера,** | **إِنْ كَانَ مِنْ أَهْلِ الْجَنَّةِ فَمِنْ أَهْلِ الْجَنَّةِ،** |
| **нагахь жоьжахатин охӀланах велахь - жоьжахатин охӀланера.** | **وَإِنْ كَانَ مِنْ أَهْلِ النَّارِ فَمِنْ أَهْلِ النَّارِ،** |

[79] Сахьи́хь: Муслим: 2867

| | |
|---|---|
| **ТӀаккха цуьнга олу: «ХӀара ю хьан меттиг, АллахӀа хьо къемат-дийнахь гӀаттаваллалц»».[80]** | **فَيُقَالُ: هَذَا مَقْعَدُكَ حَتَّى يَبْعَثَكَ اللَّهُ يَوْمَ الْقِيَامَةِ.** (صحيح: البخاري: 1379، ومسلم: 2866) |
| Кхин а Ӏáишата (АллахӀ реза хуьйла цунна) дийцина, цхьа жуьгти еара ша йолче аьлла. | وَعَنْ عَائِشَةَ رَضِيَ اللَّهُ عَنْهَا، أَنَّ يَهُودِيَّةً دَخَلَتْ عَلَيْهَا، |
| Жоьжахатин Ӏазапах лаьцна а хьахийна, | فَذَكَرَتْ عَذَابَ الْقَبْرِ، |
| цул тӀаьхьа элира цо Ӏáишате: «АллахӀа ларйойла хьо жоьжахатин Ӏазапах». | فَقَالَتْ لَهَا: أَعَاذَكِ اللَّهُ مِنْ عَذَابِ الْقَبْرِ، |
| ТӀаккха Ӏáишата (АллахӀ реза хуьйла цунна) хаьттира АллахӀан Элчане (саллаллахӀу ӀалайхӀи ва саллам) кошан Ӏазапах лаьцна. | فَسَأَلَتْ عَائِشَةُ رَسُولَ اللَّهِ ﷺ عَنْ عَذَابِ الْقَبْرِ، |
| Цо элира: «**Бакъ ду, кошан Ӏазап долуш ду».** | فَقَالَ: **نَعَمْ، عَذَابُ الْقَبْرِ.** |

[80] Сахьи́хь: Буха́рий: 1379. Муслим: 2866

| | |
|---|---|
| Iáишата дуьйцу: «Цул тIаьхьа АллахIан Элчано (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) цхьа а ламаз деш ма ца гира суна, кошан Iазапах ларвар доьхуш доIа деш бен». | قَالَتْ عَائِشَةُ رَضِيَ اللَّهُ عَنْهَا: فَمَا رَأَيْتُ رَسُولَ اللَّهِ ﷺ بَعْدُ صَلَّى صَلَاةً إِلَّا تَعَوَّذَ مِنْ عَذَابِ الْقَبْرِ. |
| Кхечу кепара а дийцина хIара хьадис: **«Кошан Iазап бакъ ду», -** аьлла.[81] | وَفِي رِوَايَةٍ: **عَذَابُ الْقَبْرِ حَقٌّ**. (صحيح: البخاري: 1372) |
| Барáъ ибн Iáзиба дийцина, ансарех волу Абу Аййýба (АллахI реза хуьйла царна) дийцира аьлла: | وَعَنِ الْبَرَاءِ بْنِ عَازِبٍ، عَنْ أَبِي أَيُّوبَ الْأَنْصَارِيِّ رَضِيَ اللَّهُ عَنْهُمْ، |
| «АллахIан Элча (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) малх чубуьзинчул тIаьхьа аравелир, | خرَجَ رَسُولُ اللهِ ﷺ ، بَعْدَ مَا غَرَبَتِ الشَّمْسُ، |
| тIаккха цхьа гIовгIа хезира цунна. | فَسَمِعَ صَوْتًا، |
| Цо элира: **«Жуьгтий бу шайн кешнаш чохь Iазап Iовшуш»».**[82] | فَقَالَ: **يَهُودُ تُعَذَّبُ فِي قُبُورِهَا**. (صحيح: البخاري: 1375، ومسلم: 2869) [وهذا لفظ مسلم] |

[81] Сахьи́хь: Буха́рий: 1372
[82] Сахьи́хь: Буха́рий: 1375. Муслим: 2869 [ХIорш Муслима далийна дешнаш ду]

| | |
|---|---|
| Ибн Iаббáса (АллахI реза хуьйла цушинна) дийцина: «Пайхамар (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) тIехвелира шина кошана. | وَعَنِ ابْنِ عَبَّاسٍ رَضِيَ اللَّهُ عَنْهُمَا قَالَ: مَرَّ النَّبِيُّ ﷺ عَلَى قَبْرَيْنِ، |
| Цо элира: **«И шиъ Iазапехь ву, доккха хIума а дац и шиъ Iазапехь валлош дерг», -** | فَقَالَ: **إِنَّهُمَا لَيُعَذَّبَانِ وَمَا يُعَذَّبَانِ مِنْ كَبِيرٍ.** |
| цул тIаьхьа элира цо: **«Бакъду, цушиннах цхьаъ мотт-эладита лелош вара,** | ثُمَّ قَالَ: **بَلَى، أَمَّا أَحَدُهُمَا فَكَانَ يَسْعَى بِالنَّمِيمَةِ،** |
| **ткъа важа хьаткъа гIуллакхах цIано еш вацара».** | **وَأَمَّا أَحَدُهُمَا فَكَانَ لَا يَسْتَتِرُ مِنْ بَوْلِهِ.** |
| Цул тIаьхьа якъаялаза йолу гIаж схьа а эцна, иза юккъехула екъа а екъна, | قَالَ: ثُمَّ أَخَذَ عُودًا رَطْبًا فَكَسَرَهُ بِاثْنَتَيْنِ، |
| цу шина кошах юьйгIира цо. | ثُمَّ غَرَزَ كُلَّ وَاحِدٍ مِنْهُمَا عَلَى قَبْرٍ، |
| ТIаккха элира: **«Якъаяллалц цушиннан Iазап дайдан тарло-кх цо»».**[83] | ثُمَّ قَالَ: **لَعَلَّهُ يُخَفَّفُ عَنْهُمَا مَا لَمْ يَيْبَسَا.** (صحيح: البخاري: 1378، ومسلم: 292) |
| **ШолгIаниг:** Деллачул тIаьхьа гIовттор хиларх тешар. | **ثَانِيًا:** الْإِيمَانُ بِالْبَعْثِ بَعْدَ الْمَوْتِ. |

[83] Сахьи́хь: Буха́рий: 1378. Муслим: 292

| | |
|---|---|
| Лекха волчо аьлла: **«МаI чу хIуп аьлча,** | قَالَ تَعَالَى: ﴿وَنُفِخَ فِي ٱلصُّورِ |
| **тIаккха кешнаш чуьра гIевттина, сихонца шайн Далла тIе дIагIур бу уьш».**[84] | فَإِذَا هُم مِّنَ ٱلْأَجْدَاثِ إِلَىٰ رَبِّهِمْ يَنسِلُونَ ۝٥١﴾ (سُورَةُ يسٓ، 51) |
| Кхин а аьлла Лекха волчо: **«Амма маI чу хIуп аьлча** | وَقَالَ تَعَالَى: ﴿وَنُفِخَ فِي ٱلصُّورِ |
| **стигланашкахь а, лаьттахь а мел верг лийр ву, АллахIана ца болуьйтуш бита лиънарш боцурш,** | فَصَعِقَ مَن فِي ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَمَن فِي ٱلْأَرْضِ إِلَّا مَن شَآءَ ٱللَّهُ |
| **цул тIаьхьа юха а маI чу хIуп аьлча, тIаккха уьш берриге кешнаш чуьра хьала а гIевттина, хьоьжуш хир бу АллахIа шайх хIун до».**[85] | ثُمَّ نُفِخَ فِيهِ أُخْرَىٰ فَإِذَا هُمْ قِيَامٌ يَنظُرُونَ ۝٦٨﴾ (سُورَةُ الزُّمَرِ، 68) |
| Кхин а аьлла Лекха волчо: **«Шу кхоллар а, шу гIовттор а ма дац, цхьа адам кхоллар, гIаттор санна бен,** | وَقَالَ تَعَالَى: ﴿مَّا خَلْقُكُمْ وَلَا بَعْثُكُمْ إِلَّا كَنَفْسٍ وَٰحِدَةٍ |

[84] Сурат: Яси́н, аят: 51
[85] Сурат: Зумар, аят: 68

| | |
|---|---|
| **баккъал а, АллахI ву-кх хезаш, гуш».**[86] | إِنَّ ٱللَّهَ سَمِيعُۢ بَصِيرٌ ﴿٢٨﴾ (سُورَةُ لُقْمَانَ، 28 |
| Кхин а аьлла Лекха волчо: **«Керстанаша шаьш деллачул тIаьхьа дендийр дац аьлла лору.** | وَقَالَ تَعَالَى: ﴿زَعَمَ ٱلَّذِينَ كَفَرُوٓاْ أَن لَّن يُبۡعَثُواْۚ |
| **Ахь ала: «Сан Делора, гIовттор ма ду шу,** | قُلۡ بَلَىٰ وَرَبِّي لَتُبۡعَثُنَّ |
| **цул тIаьхьа довзуьйтур а ма ду шуна аша мел динарг,** | ثُمَّ لَتُنَبَّؤُنَّ بِمَا عَمِلۡتُمۡۚ |
| **ма атта хIума ду-кх иза АллахIана»».**[87] | وَذَٰلِكَ عَلَى ٱللَّهِ يَسِيرٞ ﴿٧﴾ (سُورَةُ التَّغَابُنِ، 7 |
| **КхозлагIниг:** Къемат-дийнахь гIовттийча гулдийр хиларх тешар. | **ثَالِثًا**: الْإِيمَانُ بِالْحَشْرِ. |
| Тоьшаллаша гойту леш гIовттиначул тIаьхьа махьшар-майдане дIагулбийр хилар, | دَلَّتِ النُّصُوصُ عَلَى حَشْرِ الْعِبَادِ بَعْدَ بَعْثِهِمْ إِلَى الْمَحْشَرِ |
| когаш берзина, | حُفَاةً |
| тIехь духарш доцуш, | عُرَاةً |

[86] Сурат: Лукъма́н, аят: 28
[87] Сурат: ТагIа́бун, аят: 7

| | |
|---|---|
| хадийна а боцуш. | غُرْلًا، أَيْ: غَيْرَ مَخْتُونِينَ. |
| Лекха волчо аьлла: **«Къемат-дийнахь Оха дӀахьокхур ду лаьмнаш,** | قَالَ تَعَالَى: ﴿وَيَوْمَ نُسَيِّرُ ٱلْجِبَالَ |
| **латта гур ду хьуна шерра,** | وَتَرَى ٱلْأَرْضَ بَارِزَةً |
| **Оха дӀагулбийр бу уьш беррише, царех цхьа а буха ца вуьтуш».**[88] | وَحَشَرْنَٰهُمْ فَلَمْ نُغَادِرْ مِنْهُمْ أَحَدًا ۝٤٧﴾ (سُورَةُ الكَهْفِ، 47) |
| Кхин а аьлла Лекха волчо: **«Къемат-дийнахь латта хуьйцур ду кхечу лаьттаца, стигланаш а хуьйцур ю,** | وَقَالَ تَعَالَى: ﴿يَوْمَ تُبَدَّلُ ٱلْأَرْضُ غَيْرَ ٱلْأَرْضِ وَٱلسَّمَٰوَٰتُ |
| **тӀаккха Ша Цхьаъволчу, Нуьцкъалчу АллахӀана хьалха дӀахӀуьттур бу уьш, кешнаш чуьра хьала а бевлла».**[89] | وَبَرَزُوا۟ لِلَّهِ ٱلْوَٰحِدِ ٱلْقَهَّارِ ۝٤٨﴾ (سُورَةُ إِبْرَاهِيمَ، 48) |
| Iáишата (АллахI реза хуьйла цунна) дийцина, АллахIан Элчано (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) олуш хезира шена аьлла: | وَعَنْ عَائِشَةَ رَضِيَ اللهُ عَنْهَا قَالَتْ: سَمِعْتُ رَسُولَ اللهِ ﷺ يَقُولُ: |

[88] Сурат: КахIф, аят: 47
[89] Сурат: ИбрáхIи́м, аят: 48

| | |
|---|---|
| **«Къемат-дийнахь нах дӀагулбийр ма бу тӀехь духарш доцуш, когахь хӀума йоцуш, хадийна а боцуш».** | **يُحْشَرُ النَّاسُ يَوْمَ الْقِيَامَةِ حُفَاةً عُرَاةً غُرْلًا،** |
| Цо хаьттира: «ХӀай АллахӀан Элча, стегарий а, зударий а беррише цхьаьна а болушший, вовше хьожур бац уьш ткъа?!». | قُلْتُ: يَا رَسُولَ اللهِ، النِّسَاءُ وَالرِّجَالُ جَمِيعًا يَنْظُرُ بَعْضُهُمْ إِلَى بَعْضٍ؟! |
| Пайхамара жоп делира: **«ХӀай Ӏа́ишат, вовше хьежа дагадогӀучу хьолехь хир ма бац уьш».[90]** | قَالَ: **يَا عَائِشَةُ، الْأَمْرُ أَشَدُّ مِنْ أَنْ يَنْظُرَ بَعْضُهُمْ إِلَى بَعْضٍ.** (صحيح: البخاري: 6527، ومسلم: 2859) |
| **ДоьазлагӀниг:** Къемат-дийнахь вайн уммате малийта Пайхамарна хи чудогӀуш меттиг лур хиларх тешар. | **رَابِعًا:** الْإِيمَانُ بِالْحَوْضِ. |
| Анас ибн Ма́лика (АллахӀ реза хуьйла цунна) дийцина, АллахӀан Элчано (саллаллахӀу ӀалайхӀи ва саллам) элира аьлла: | عَنْ أَنَسِ بْنِ مَالِكٍ رَضِيَ اللهُ عَنْهُ قَالَ: أَنَّ رَسُولَ اللهِ ﷺ قَالَ: |
| **«Къемат-дийнахь сан уммате малийта хи чудогӀуш суна лур йолу меттиган йоккхалла – Акабара Йеменера Сана кхаччалц хир ю,** | **قَدْرُ حَوْضِي كَمَا بَيْنَ أَيْلَةَ وَصَنْعَاءَ مِنَ الْيَمَنِ،** |

[90] Сахьи́хь: Буха́рий: 6527. Муслим: 2859

| | |
|---|---|
| **стиглара седарчий санна дукха кедаш а долуш цу гонахьа».**[91] | **وَإِنَّ فِيهِ مِنَ الْأَبَارِيقِ كَعَدَدِ نُجُومِ السَّمَاءِ.** (صحيح: البخاري: 6580، ومسلم: 2303) |
| Кхин а IабдуллахI ибн Iамр ибн Iáса (АллахI реза хуьйла цушинна) дийцина, АллахIан Элчано (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) элира аьлла: | وَعَنْ عَبْدِ اللهِ بْنِ عَمْرِو بْنِ الْعَاصِ رَضِيَ اللهُ عَنْهُمَا قَالَ: قَالَ رَسُولُ اللهِ ﷺ: |
| **«Къемат-дийнахь сан уммате малийта хи чудогIуш суна лур йолу меттиг - баттахь некъ балла йоккха хир ю,** | **حَوْضِي مَسِيرَةُ شَهْرٍ،** |
| **цуьнан шоралла а, яхалла а цхьатерра хир ю,** | **وَزَوَايَاهُ سَوَاءٌ،** |
| **детил а кIайн хир ду цуьнан хи,** | **وَمَاؤُهُ أَبْيَضُ مِنَ الْوَرِقِ،** |
| **мискал а хаза хьожа а хир ю цуьнан,** | **وَرِيحُهُ أَطْيَبُ مِنَ الْمِسْكِ،** |
| **охьадехкина кедаш стиглара седарчий санна дукха хир ду,** | **وَكِيزَانُهُ كَنُجُومِ السَّمَاءِ،** |
| **ткъа цу чуьра цкъа хи мелларг кхин цкъа а хьаглур вац».**[92] | **فَمَنْ شَرِبَ مِنْهُ فَلَا يَظْمَأُ بَعْدَهُ أَبَدًا.** (صحيح: البخاري: 6579، ومسلم: 2292) |

[91] Сахьи́хь: Буха́рий: 6580. Муслим: 2303
[92] Сахьи́хь: Буха́рий: 6579. Муслим: 2292

| | |
|---|---|
| **ПхоьалгIаниг:** Iамалш узу терза хиларх тешар. | **خَامِسًا:** الْإِيمَانُ بِالْمِيزَانِ. |
| Къуръанера а, хьадисера а тоьшаллаша гойту Iамалш узу терза долуш хилар, | وَقَدْ دَلَّتْ أَدِلَّةُ الْكِتَابِ وَالسُّنَّةِ عَلَى ثُبُوتِ الْمِيزَانِ، |
| иза баккъал терза хилар а, | وَأَنَّهُ مِيزَانٌ حَقِيقِيٌّ، |
| шен шиъ кад болуш, баккъал болуш, бIаьргашна гур а болуш. | لَهُ كِفَّتَانِ حَقِيقِيَّتَانِ مُشَاهَدَتَانِ. |
| Лекха волчо ма-аллара: **«Нийсонан терза дIахIоттор ду Оха къемат-дийнахь, цхьаннена харцо йийр ма яц цхьана хIуманна тIехь,** | كَمَا قَالَ تَعَالَى: ﴿وَنَضَعُ ٱلْمَوَٰزِينَ ٱلْقِسْطَ لِيَوْمِ ٱلْقِيَٰمَةِ فَلَا تُظْلَمُ نَفْسٌ شَيْـًٔاۖ |
| **хIораммо дина дика а, вон а кIоллин буьртигал бен доцург а схьадохьур ма ду Оха терзан тIе,** | وَإِن كَانَ مِثْقَالَ حَبَّةٍ مِّنْ خَرْدَلٍ أَتَيْنَا بِهَاۗ |
| **хьесап дан Тхо кхачаме ду-кх».**[93] | وَكَفَىٰ بِنَا حَٰسِبِينَ ﴿٤٧﴾ (سُورَةُ الأَنبياءِ، 47) |
| Кхин а аьлла Лекха волчо: **«Дикачу Iамало шен терза даздинарг** | وَقَالَ تَعَالَى: ﴿فَأَمَّا مَن ثَقُلَتْ مَوَٰزِينُهُۥ ﴿٦﴾ |

[93] Сурат: Анбийáъ, аят: 47

| | |
|---|---|
| **ялсаманехь зовкъечу дахарехь хир ву.** | فَهُوَ فِي عِيشَةٍ رَّاضِيَةٍ ۝٧ |
| **Ткъа шен терза дикачу Iамалех дайделлачуьнан** | وَأَمَّا مَنْ خَفَّتْ مَوَٰزِينُهُۥ ۝٨ |
| **Iойла жоьжагIати хир ю».**[94] | فَأُمُّهُۥ هَاوِيَةٌ ۝٩﴾ (سُورَةُ القَارِعَةِ، 6-9) |
| Кхин а аьлла Лекха волчо: **«Харцо а ца еш, нийсонца узур ду терза цу къемат-дийнахь,** | وَقَالَ تَعَالَى: ﴿وَٱلْوَزْنُ يَوْمَئِذٍ ٱلْحَقُّ ۚ |
| **дикачу Iамало шайн терза даздинарш бу хьуна декъалхилларш.** | فَمَن ثَقُلَتْ مَوَٰزِينُهُۥ فَأُو۟لَـٰٓئِكَ هُمُ ٱلْمُفْلِحُونَ ۝٨ |
| **Ткъа шайн терза дикачу Iамалех дайделларш бу хьуна шаьш-шайна дакъазабевлларш,** | وَمَنْ خَفَّتْ مَوَٰزِينُهُۥ فَأُو۟لَـٰٓئِكَ ٱلَّذِينَ خَسِرُوٓا۟ أَنفُسَهُم |
| **Тхан аяташ цара харцдар бахьана долуш».**[95] | بِمَا كَانُوا۟ بِـَٔايَـٰتِنَا يَظْلِمُونَ ۝٩﴾ (سُورَةُ الأَعْرَافِ، 8-9) |
| IабдуллахI ибн Iамр ибн Iáса (АллахI реза хуьйла цушинна) дийцина, АллахIан Элчано (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) элира аьлла: | وَعَنْ عَبْدِ اللهِ بْنِ عَمْرِو بْنِ الْعَاصِ رَضِيَ اللهُ عَنْهُمَا قَالَ: قَالَ رَسُولُ اللهِ ﷺ: |

[94] Сурат: КъáриIахI, аят: 6-9
[95] Сурат: АIрáф, аят: 8-9

| | |
|---|---|
| **«Къемат-дийнахь АллахIа сан умматера цхьа лай схьа a къастийна, массо халкъашна хьалха схьавалор ву.** | **إِنَّ اللهَ سَيُخَلِّصُ رَجُلًا مِنْ أُمَّتِي عَلَى رُؤُوسِ الْخَلَائِقِ يَوْمَ الْقِيَامَةِ،** |
| **ТIаккха цунна 99 тептар схьадостур ду,** | **فَيَنْشُرُ عَلَيْهِ تِسْعَةً وَتِسْعِينَ سِجِلًّا،** |
| **царех хIора a бIаьрго малоццу деха a, шуьйра a хир ду,** | **كُلُّ سِجِلٍّ مِثْلُ مَدِّ الْبَصَرِ،** |
| **цул тIаьхьа эр ду цуьнга: «Кху тIера цхьана a хIуманна инкарло йой ахь? Iамалш дIаязъян тIехIиттийначу Сан маликаша харцо йиний хьуна?».** | **ثُمَّ يَقُولُ: أَتُنْكِرُ مِنْ هَذَا شَيْئًا؟ أَظَلَمَكَ كَتَبَتِي الْحَافِظُونَ؟** |
| **Цо жоп лур ду: «ХIан-хIа, хIай сан Дела».** | **فَيَقُولُ: لَا يَا رَبِّ.** |
| **Юха a эр ду цуьнга: «Цхьа a бехказло юй хьан?».** | **فَيَقُولُ: أَفَلَكَ عُذْرٌ؟** |
| **Цо юха a жоп лур ду: «ХIан-хIа, хIай сан Дела».** | **فَيَقُولُ: لَا يَا رَبِّ.** |
| **ТIаккха юха a эр ду цуьнга: «Бакъду, цхьа дика ду хьан, тахана харцо йийр яц хьуна».** | **فَيَقُولُ: بَلَى، إِنَّ لَكَ عِنْدَنَا حَسَنَةً، وَإِنَّهُ لَا ظُلْمَ عَلَيْكَ الْيَوْمَ.** |

| | |
|---|---|
| **Цул тIаьхьа цхьа кехат хьаладоккхур ду, шена тIехь яздина долуш: «Ас тоьшалла до, шена лолла дан хьакъ волуш, АллахI воцург, кхин дела вац, Мухьаммад АллахIан лай а, Элча а ву».** | فَيُخْرِجُ بِطَاقَةٌ فِيهَا: أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللهُ، وَأَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ. |
| **Цуьнга эр ду: «Схьаяя хьайн Iамалш».** | فَيَقُولُ: احْضُرْ وَزْنَكَ. |
| **Цо эр ду: «ХIай сан Дела, кху кехато хIун дийр ду хIоккхул долчу тептаршна?».** | فَيَقُولُ: يَا رَبِّ، مَا هَذِهِ الْبِطَاقَةُ مَعَ هَذِهِ السِّجِلَّاتِ؟ |
| **ТIаккха цуьнга эр ду: «Харцо лелор яц хьоьца».** | فَقَالَ: إِنَّكَ لَا تُظْلَمُ. |
| **И тептарш терзанан цхьана кеда дохкур ду, кехат вукху кеда дуьллур ду,** | قَالَ: فَتُوضَعُ السِّجِلَّاتُ فِي كَفَّةٍ، وَالْبِطَاقَةُ فِي كَفَّةٍ، |
| **тIаккха и тептарш кхиссина ирхдохуьйтур ду,** | فَطَاشَتِ السِّجِلَّاتُ، |
| **кехат долу кад баз а белла,** | وَثَقُلَتِ الْبِطَاقَةُ، |

| | |
|---|---|
| **ткъа АллахӀан цӀарал а хӀумма язъяла йиш ма яц».**[96] | **فَلَا يَثْقُلُ مَعَ اسْمِ اللهِ شَيْءٌ.** (صحيح: الترمذي: 2639، وابن ماجه: 4300، وأحمد: 6994، وصححه الألباني في الصحيحة: 135) |
| **ЯлхазлагӀниг:** Пайхамара а (саллаллахӀу Ӏалайхӏи ва саллам), дикачу наха а шафаӀат дийр хиларх тешар. | **سَادِسًا:** الْإِيمَانُ بِشَفَاعَةِ النَّبِيِّ ﷺ وَشَفَاعَةِ الصَّالِحِينَ. |
| Лекха волчо ма-аллара: **«Мила ву ткъа, Цо пурба делча бен Цунна гергахь шафаӀат дийр дерг?».**[97] | كَمَا قَالَ تَعَالَى: ﴿مَن ذَا ٱلَّذِى يَشۡفَعُ عِندَهُۥٓ إِلَّا بِإِذۡنِهِۦۚ﴾ (سُورَةُ البَقَرَةِ: 255) |
| Кхин а аьлла Лекха волчо: **«Цхьаьнне шафаӀато гӀо а дийр ма дац АллахӀана хьалха, Цо шена пурба деллачо бен.** | وَقَالَ تَعَالَى: ﴿وَلَا تَنفَعُ ٱلشَّفَٰعَةُ عِندَهُۥٓ إِلَّا لِمَنۡ أَذِنَ لَهُۥۚ |
| **АллахӀ вистхилча шайн дегнашка беана болу кхерам дӀабаьлча, вовшашка хотту маликаша: «ХӀун аьлла шун Дала?».** | حَتَّىٰٓ إِذَا فُزِّعَ عَن قُلُوبِهِمۡ قَالُواْ مَاذَا قَالَ رَبُّكُمۡۖ |
| **Маликаша олу: «Бакъдерг аьлла,** | قَالُواْ ٱلۡحَقَّۖ |

[96] Сахьи́хь: Тирмизий: 2639. Ибн Ма́жахӀ: 4300. Ахьмад: 6994. Алба́нис сахьи́хь дина «СилсилахӀ сахьи́хьахӀ» жайнахь, агӀо: 1/261
[97] Сурат: БакъарахӀ, аят: 255

| | |
|---|---|
| **Лакхахь верг а, Воккха верг а ву Иза»».**[98] | وَهُوَ ٱلۡعَلِيُّ ٱلۡكَبِيرُ ﴿٢٣﴾ (سُورَةُ سَبَإٍ، 23) |
| Кхин а аьлла Лекха волчо: **«АллахӀана хууш ду цара мел динарг а, цара мел дийр дерг а,** | وَقَالَ تَعَالَى: ﴿يَعۡلَمُ مَا بَيۡنَ أَيۡدِيهِمۡ وَمَا خَلۡفَهُمۡ |
| **шафаӀат а дийр дац маликаша, АллахӀ реза хиллачунна а бен,** | وَلَا يَشۡفَعُونَ إِلَّا لِمَنِ ٱرۡتَضَىٰ |
| **ткъа шаьш-м АллахӀах кхерарна дегош а ду уьш».**[99] | وَهُم مِّنۡ خَشۡيَتِهِۦ مُشۡفِقُونَ ﴿٢٨﴾ (سُورَةُ الأَنْبِيَاءِ، 28) |
| Кхин а аьлла Лекха волчо: **«Масане малик ду стигланашкахь, шайн шафаӀато бан цхьа а пайда боцуш,** | وَقَالَ تَعَالَى: ﴿۞وَكَم مِّن مَّلَكٖ فِي ٱلسَّمَٰوَٰتِ لَا تُغۡنِي شَفَٰعَتُهُمۡ شَيۡـًٔا |
| **Шена луучунна а, Ша реза хиллачунна а шафаӀат дайта АллахӀа пурба деллачул тӀаьхьа бен!».**[100] | إِلَّا مِنۢ بَعۡدِ أَن يَأۡذَنَ ٱللَّهُ لِمَن يَشَآءُ وَيَرۡضَىٰٓ ﴿٢٦﴾ (سُورَةُ النَّجْمِ، 26) |
| Жáбир ибн ӀабдуллахӀа (АллахӀ реза хуьйла цушинна) дийцина, Пайхамара (саллаллахӀу ӀалайхӀи ва саллам) элира аьлла: | وَعَنْ جَابِرِ بْنِ عَبْدِ اللهِ رَضِيَ اللهُ عَنْهُمَا، أَنَّ النَّبِيَّ ﷺ قَالَ: |

98 Сурат: Сабаъ, аят: 23
99 Сурат: Анбийáъ, аят: 28
100 Сурат: Нажм, аят: 26

| | |
|---|---|
| **«АллахIа жоьжахати чуьра цхьа нах арабохур бу шафаIатца».**[101] | **إِنَّ اللهَ يُخْرِجُ قَوْمًا مِنَ النَّارِ بِالشَّفَاعَةِ.** (صحيح: البخاري: 6558، ومسلم: 191) |
| **ВорхIалгIаниг:** Хьесап дийр хиларх тешар. | **سَابِعًا:** الْإِيمَانُ بِالْحِسَابِ. |
| Лекха волчо ма-аллара: **«Нийсонан терза дIахIоттор ду Оха къемат-дийнахь, цхьаннена харцо йийр ма яц цхьана хIуманна тIехь,** | كَمَا قَالَ تَعَالَى: ﴿وَنَضَعُ ٱلْمَوَٰزِينَ ٱلْقِسْطَ لِيَوْمِ ٱلْقِيَٰمَةِ فَلَا تُظْلَمُ نَفْسٌ شَيْـًٔا ۖ |
| **хIораммо дина дика а, вон а кIоллин буьртигал бен доцург а схьадохьур ма ду Оха терзан тIе,** | وَإِن كَانَ مِثْقَالَ حَبَّةٍ مِّنْ خَرْدَلٍ أَتَيْنَا بِهَا ۗ |
| **хьесап дан Тхо кхачаме ду-кх».**[102] | وَكَفَىٰ بِنَا حَٰسِبِينَ ﴿٤٧﴾ (سُورَةُ الأَنبيَاءِ، 47) |
| Кхин а аьлла Лекха волчо: **«Аша мел лелийначух ца хоттуш дуьтур ма дац шу къемат-дийнахь».**[103] | وَقَالَ تَعَالَى: ﴿وَلَتُسْـَٔلُنَّ عَمَّا كُنتُمْ تَعْمَلُونَ ﴿٩٣﴾ (سُورَةُ النَّحلِ، 93) |

[101] Сахьи́хь: Буха́рий: 6558. Муслим: 191
[102] Сурат: Анбийа́ъ, аят: 47
[103] Сурат: Нахьл, аят: 93

| | |
|---|---|
| Кхин а аьлла Лекха волчо: **«АллахIора, хоттур ма ду шуьга аша мел кхоьллиначу харцонах».**[104] | وَقَال تَعالَى: ﴿تَٱللَّهِ لَتُسۡـَٔلُنَّ عَمَّا كُنتُمۡ تَفۡتَرُونَ ۝٥٦﴾ (سُورَةُ النَّحْلِ، 56) |
| Iадийй ибн Хьáтима (АллахI реза хуьйла цунна) дийцина, АллахIан Элчано (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) элира аьлла: | عَنْ عَدِيِّ بْنِ حَاتِمٍ رَضِيَ اللهُ عَنْهُ قَالَ: قَالَ رَسُولُ اللهِ ﷺ: |
| **«Шух цхьа а ма вац АллахIа шега къамел дийр долуш бен, АллахIана а, цунна юккъехь пардо а, я гочдийриг а воцуш.** | **مَا مِنْكُمْ مِنْ أَحَدٍ إِلَّا سَيُكَلِّمُهُ اللَّهُ لَيْسَ بَيْنَهُ وَبَيْنَهُ حِجَابٌ وَلَا تُرْجُمَانٌ،** |
| **ТIаккха шен аьтто агIора хьожур ву иза, ша диннарг бен гур дац цунна.** | **فَيَنْظُرُ أَيْمَنَ مِنْهُ، فَلَا يَرَى إِلَّا مَا قَدَّمَ،** |
| **Шен аьрро агIора хьожур ву иза, ша диннарг бен гур дац цунна.** | **وَيَنْظُرُ أَشْأَمَ مِنْهُ، فَلَا يَرَى إِلَّا مَا قَدَّمَ،** |
| **Шена хьалха дIахьожур ву иза, жоьжахати бен гур яц цунна.** | **وَيَنْظُرُ بَيْنَ يَدَيْهِ، فَلَا يَرَى إِلَّا النَّارَ تِلْقَاءَ وَجْهِهِ،** |

104 Сурат: Нахьл, аят: 56

| | |
|---|---|
| **Кхералаш тIаккха цу жоьжахатих, ах хурма сагIийна лой а».[105]** | **فَاتَّقُوا النَّارَ وَلَوْ بِشِقِّ تَمْرَةٍ.** (صحيح: البخاري: 1413، ومسلم: 1016) |
| **БархIалгIаниг:** Ялсамане а, жоьжахати а хиларх тешар. | **ثَامِنًا:** الْإِيمَانُ بِالْجَنَّةِ وَالنَّارِ. |
| Къуръан чохь а, хьадисехь а дуккха деъна ялсамане, жоьжахати хьахор а, цушиннан куьцаш дийцар а, цу чуьра нах бийцар а. | وَقَدْ جَاءَ ذِكْرُ الْجَنَّةِ وَالنَّارِ وَوَصْفُهُمَا وَوَصْفُ أَهْلِهِمَا فِي مَوَاضِعَ كَثِيرَةٍ فِي الْكِتَابِ وَالسُّنَّةِ. |
| **ЯлхитталгIа хаттар: «АллахIа азаллехь йиначу кхелах а, Цо яздиначух а тешар» бохучуьнан маьIна муха ду?** | **السُّؤَالُ السَّادِسَ عَشَرَ: مَا مَعْنَى الْإِيمَانِ بِالْقَضَاءِ وَالْقَدَرِ؟** |
| **Жоп:** «АллахIа азаллехь йиначу кхелах а, Цо яздиначух а тешар» бохучо диъ хIуманах тешар тIедожадо: | **الْجَوَابُ:** مَعْنَى الْإِيمَانِ بِالْقَضَاءِ وَالْقَدَرِ اعْتِقَادُ أَرْبَعَةِ أَشْيَاءَ: |
| **Хьалхарниг:** Лекха волчу АллахIана азаллехь а, тIейогIучу хан чохь мел хин дерг а хууш ду аьлла тешар, | **أَوَّلًا:** الْإِيمَانُ بِأَنَّ اللهَ تَعَالَى عَلِمَ كُلَّ شَيْءٍ أَزَلًا وَأَبَدًا، |

[105] Сахьи́хь: Буха́рий: 1413. Муслим: 1016

| | |
|---|---|
| стиглахь а, латта тӀехь а ма дац Цунна ца хууш мискъала зарратал а хӀума. | لَا يَعْزُبُ عَنْ عِلْمِهِ مِثْقَالُ ذَرَّةٍ فِي الْأَرْضِ وَلَا فِي السَّمَاءِ. |
| Лекха волчо ма-аллара: **«Шуна хаийтархьама АллахӀ массо хӀуманна ницкъ кхочуш вуйла,** | كَمَا قَالَ تَعَالَى: ﴿لِتَعْلَمُوٓاْ أَنَّ ٱللَّهَ عَلَىٰ كُلِّ شَيْءٖ قَدِيرٞ |
| **АллахӀ массо хӀума хууш вуйла а».**[106] | وَأَنَّ ٱللَّهَ قَدۡ أَحَاطَ بِكُلِّ شَيۡءٍ عِلۡمَۢا ﴿١٢﴾ (سُورَةُ الطَّلَاقِ، 12) |
| Кхин а аьлла Лекха волчо: **«АллахӀана хууш ду цара мел динарг а, цара мел дийр дерг а,** | وَقَالَ تَعَالَى: ﴿يَعۡلَمُ مَا بَيۡنَ أَيۡدِيهِمۡ وَمَا خَلۡفَهُمۡۖ |
| **АллахӀе доьрзур ду-кх дерриге белхаш».**[107] | وَإِلَى ٱللَّهِ تُرۡجَعُ ٱلۡأُمُورُ ﴿٧٦﴾ (سُورَةُ الحَجِّ، 76) |
| Кхин а аьлла Лекха волчо: **«Ахь ала: «Стигланашкахь а, лаьттахь а ма вац къайле хууш цхьа а, АллахӀ воцург,** | وَقَالَ تَعَالَى: ﴿قُل لَّا يَعۡلَمُ مَن فِي ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلۡأَرۡضِ ٱلۡغَيۡبَ إِلَّا ٱللَّهُۚ |
| **царна ца хаьа-кх шаьш маца гӀовттор бу а»»».**[108] | وَمَا يَشۡعُرُونَ أَيَّانَ يُبۡعَثُونَ ﴿٦٥﴾ (سُورَةُ النَّمْلِ، 65) |

[106] Сурат: ТӀала́къ, аят: 12
[107] Сурат: Хьажж, аят: 76
[108] Сурат: Намл, аят: 65

| | |
|---|---|
| Кхин а аьлла Лекха волчо: **«Хьуна ца хаьа ткъа, АллахӀана хууш дуйла стигланашкахь мел дерг а, лаьттахь мел дерг а?!** | وَقَالَ تَعَالَى: ﴿أَلَمْ تَرَ أَنَّ ٱللَّهَ يَعْلَمُ مَا فِي ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَمَا فِي ٱلْأَرْضِۖ |
| **Кхаанна къайлаха къамел ма ца хуьлу, царех воьалгӀаниг АллахӀ волуш бен,** | مَا يَكُونُ مِن نَّجْوَىٰ ثَلَٰثَةٍ إِلَّا هُوَ رَابِعُهُمْ |
| **я пхеанна а ма ца хуьлу къайлаха къамел, царех ялхалгӀаниг АллахӀ волуш бен,** | وَلَا خَمْسَةٍ إِلَّا هُوَ سَادِسُهُمْ |
| **я уьш кхин а дукха, я кӀезиг хилча а ма ца хуьлу церан къайлаха къамел, АллахӀ Шен хаарца цаьрца волуш бен, миччахь уьш хилча а,** | وَلَآ أَدْنَىٰ مِن ذَٰلِكَ وَلَآ أَكْثَرَ إِلَّا هُوَ مَعَهُمْ أَيْنَ مَا كَانُواْۖ |
| **цул тӀаьхьа къемат-дийнахь Цо дуьйцур ду царна цара мел лелийнарг,** | ثُمَّ يُنَبِّئُهُم بِمَا عَمِلُواْ يَوْمَ ٱلْقِيَٰمَةِۚ |
| **баккъал а, АллахӀ ву-кх массо хӀума хууш».**[109] | إِنَّ ٱللَّهَ بِكُلِّ شَيْءٍ عَلِيمٌ ۝٧﴾ (سُورَةُ المُجَادلَةِ، 7) |

[109] Сурат: Мужа́далахI, аят: 7

| | |
|---|---|
| Кхин а аьлла Лекха волчо: **«Ахь ала: «И Къуръан доссийнарг ву-кх стигланашкара а, лаьттара а къайленаш хууш,** | وَقَالَ تَعَالَى: ﴿قُلْ أَنزَلَهُ ٱلَّذِى يَعْلَمُ ٱلسِّرَّ فِى ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضِ |
| **баккъал а, Гечдийриг а, Къинхетамбийриг ву Иза»».**[110] | إِنَّهُۥ كَانَ غَفُورًا رَّحِيمًا ۝٦﴾ (سُورَةُ الفُرْقَانِ، 6) |
| Кхин а аьлла Лекха волчо: **«Баккъал а, АллахI ву-кх массо хIума хууш».**[111] | وَقَالَ تَعَالَى: ﴿إِنَّ ٱللَّهَ كَانَ بِكُلِّ شَىْءٍ عَلِيمًا ۝٣٢﴾ (سُورَةُ النِّسَاءِ، 32) |
| Шайхул-ислам Ибн Таймиййата (АллахIа къинхетам бойла цунах) аьлла: | قَالَ شَيْخُ الْإِسْلَامِ ابْنُ تَيْمِيَّةَ رَحِمَهُ اللهُ: |
| «Лекха волчу АллахIана хьалхе дуьйна а хууш хилар, иза ша ма-дарра чулоцуш ду, | عِلْمُ اللهِ تَعَالَى السَّابِقُ يُحِيطُ بِالْأَشْيَاءِ، عَلَى مَا هِيَ عَلَيْهِ، |
| цу тIера дIадоккхуш, я хуьйцуш, я эшош, я совдоккхуш хIумма а дац, | وَلَا مَحْوَ فِيهِ وَلَا تَغْيِيرَ، وَلَا زِيَادَةَ وَلَا نَقْصَ، |
| И ЦIена верг хууш ву-кх мел хилларг, | فَإِنَّهُ سُبْحَانَهُ يَعْلَمُ مَا كَانَ، |
| мел хин дерг, | وَمَا يَكُونُ، |

110 Сурат: Фуркъа́н, аят: 6
111 Сурат: Ниса́ъ, аят: 32

| | |
|---|---|
| я хин доцург а, иза хуьлуш хилча муха хир дара».[112] | وَمَا لَا يَكُونُ لَوْ كَانَ كَيْفَ كَانَ يَكُونُ. (مختصر الفتاوى المصرية: 188/1) |
| **ШолгIаниг:** Лекха волчу АллахIа массо хIума Лавхьул-махьфу́з чохь дIаяздина хиларх тешар. | **ثَانِيًا**: الْإِيمَانُ بِأَنَّ اللهَ تَعَالَى كَتَبَ كُلَّ شَيْءٍ فِي اللَّوْحِ الْمَحْفُوظِ. |
| Лекха волчо ма-аллара: **«Лаьтта тIе а, шун догIмашка а цхьа а бала ма ца кхочу,** | كَمَا قَالَ تَعَالَى: ﴿مَآ أَصَابَ مِن مُّصِيبَةٍ فِي ٱلۡأَرۡضِ وَلَا فِيٓ أَنفُسِكُمۡ |
| **кхолларш кхолла а кхоллале хьалха иза Лавхьул-махьфу́з чохь дIаяздина долуш бен,** | إِلَّا فِي كِتَٰبٖ مِّن قَبۡلِ أَن نَّبۡرَأَهَآۚ |
| **баккъал а, ма атта ду-кх иза АллахIана».**[113] | إِنَّ ذَٰلِكَ عَلَى ٱللَّهِ يَسِيرٞ ٢٢﴾ (سُورَةُ الحَدِيدِ، 22) |
| Кхин а аьлла Лекха волчо: **«Лаьтта тIехь цхьа а садолу хIума ма яц,** | وَقَالَ تَعَالَى: ﴿وَمَا مِن دَآبَّةٖ فِي ٱلۡأَرۡضِ |
| **я тIема долуш шен шина тIомаца цхьа а олхазар а ма дац,** | وَلَا طَٰٓئِرٖ يَطِيرُ بِجَنَاحَيۡهِ |
| **шух терра кхоьллина тобанаш бен,** | إِلَّآ أُمَمٌ أَمۡثَالُكُمۚ |

[112] Мухтасарул-фата́вал-мисрийяхI, агIо: 1/188
[113] Сурат: Хьади́д, аят: 22

| | |
|---|---|
| **цхьа а хIума ца дитина-кх Оха Лавхьул-махьфу́з чу ца яздеш,** | مَّا فَرَّطۡنَا فِي ٱلۡكِتَٰبِ مِن شَيۡءٖۚ |
| **цул тIаьхьа къемат-дийнахь шайн Деле дIагулбийр бу-кх уьш хьесапна».[114]** | ثُمَّ إِلَىٰ رَبِّهِمۡ يُحۡشَرُونَ ﴿٣٨﴾ (سُورَةُ الأَنعَامِ، 38) |
| Кхин а аьлла Лекха волчо: **«Элчанаш харцбеш, керстаналла деш цхьа а юрт ма яц, къемат-де тIе а кхачале хьалха Оха хIаллакйийр йолуш бен,** | وَقَالَ تَعَالَى: ﴿وَإِن مِّن قَرۡيَةٍ إِلَّا نَحۡنُ مُهۡلِكُوهَا قَبۡلَ يَوۡمِ ٱلۡقِيَٰمَةِ |
| **я чIогIа хин долу Iазап царна тIедоссор долуш бен,** | أَوۡ مُعَذِّبُوهَا عَذَابٗا شَدِيدٗاۚ |
| **кхочуш ца хилча дер доцуш, иштта дIаяздина ду-кх иза Лавхьул-махьфу́з чохь».[115]** | كَانَ ذَٰلِكَ فِي ٱلۡكِتَٰبِ مَسۡطُورٗا ﴿٥٨﴾ (سُورَةُ الإِسْرَاءِ، 58) |
| Кхин а аьлла Лекха волчо: **«Хьуна ца хаьа ткъа, АллахIана хууш дуйла стиглахь а, лаьттахь а мел дерг?** | وَقَالَ تَعَالَى: ﴿أَلَمۡ تَعۡلَمۡ أَنَّ ٱللَّهَ يَعۡلَمُ مَا فِي ٱلسَّمَآءِ وَٱلۡأَرۡضِۚ |
| **Баккъал а, Лавхьул-махьфу́з чохь дIаяздина ду-кх иза,** | إِنَّ ذَٰلِكَ فِي كِتَٰبٍۚ |

[114] Сурат: АнIáм, аят: 38
[115] Сурат: Исрáъ, аят: 58

| | |
|---|---|
| **баккъал а, ма атта ду-кх иза АллахIана».[116]** | إِنَّ ذَٰلِكَ عَلَى ٱللَّهِ يَسِيرٌ ﴿٧٠﴾ (سُورَةُ الحَجِّ، 70) |
| Кхин а аьлла Лекха волчо: **«Къайленан хазнин догIанаш ду Цуьнгахь, цхьаннена а ца хаьа-кх царех дерг И воцчунна,** | وَقَالَ تَعَالَى: ﴿۞وَعِندَهُۥ مَفَاتِحُ ٱلْغَيْبِ لَا يَعْلَمُهَآ إِلَّا هُوَ ۚ |
| **хууш ву-кх И лаьттахь а, хIорда чохь а мел дерг,** | وَيَعْلَمُ مَا فِى ٱلْبَرِّ وَٱلْبَحْرِ ۚ |
| **гIа а ма ца дужу, Цунна хууш бен,** | وَمَا تَسْقُطُ مِن وَرَقَةٍ إِلَّا يَعْلَمُهَا |
| **цхьа а буьртиг а ма бац, лаьттан боданашкахь болу,** | وَلَا حَبَّةٍ فِى ظُلُمَٰتِ ٱلْأَرْضِ |
| **я цхьа а якъаелларг а, я якъаялазниг а ма яц** | وَلَا رَطْبٍ وَلَا يَابِسٍ |
| **цунах дерг къегина долчу Лавхьул-махьфу́з чохь дIаяздина долуш бен».[117]** | إِلَّا فِى كِتَٰبٍ مُّبِينٍ ﴿٥٩﴾ (سُورَةُ الأَنعَامِ، 59) |
| IабдуллахI ибн Iамр ибн Iáса (АллахI реза хуьйла цушинна) дийцина, Пайхамара (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) элира аьлла: | وَعَنْ عَبْدِ اللهِ بْنِ عَمْرِو بْنِ الْعَاصِ رَضِيَ اللهُ عَنْهُمَا، أَنَّ النَّبِيَّ ﷺ قَالَ: |

[116] Сурат: Хьажж, аят: 70
[117] Сурат: АнIáм, аят: 59

| | |
|---|---|
| **«АллахӀа дерриге халкъан кхел дӀаязйина,** | **كَتَبَ اللهُ مَقَادِيرَ الْخَلَائِقِ** |
| **стигланаш а, латта кхоллале шовзткъе итт эзар шо хьалхха».**[118] | **قَبْلَ أَنْ يَخْلُقَ السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضَ بِخَمْسِينَ أَلْفَ سَنَةٍ.** (صحيح: مسلم: 2653) |
| Кхин а Ӏимра́н ибн Хьусайна (АллахӀ реза хуьйла цунна) дийцина, АллахӀан Элчано (саллаллахӀу ӀалайхӀи ва саллам) элира аьлла: | وَعَنْ عِمْرَانَ بْنِ حُصَيْنٍ رَضِيَ اللهُ عَنْهُ قَالَ: قَالَ رَسُولُ اللهِ ﷺ: |
| **«АллахӀ хилла-кх Шел хьалха хӀумма а доцуш,** | **كَانَ اللهُ وَلَمْ يَكُنْ شَيْءٌ قَبْلَهُ،** |
| **ткъа Цуьнан Ӏарш хи тӀехь ю,** | **وَكَانَ عَرْشُهُ عَلَى الْمَاءِ،** |
| **цул тӀаьхьа стигланаш а, латта кхоьллира Цо,** | **ثُمَّ خَلَقَ السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضَ،** |
| **дӀа а яздира Лавхьул-махьфу́з чохь массо хӀума».**[119] | **وَكَتَبَ فِي الذِّكْرِ كُلَّ شَيْءٍ.** (صحيح: البخاري: 7418) |

[118] Сахьи́хь: Муслим: 2653
[119] Сахьи́хь: Буха́рий: 7418

| | |
|---|---|
| Кхин а Іубáдат ибн Сáмита (АллахІ реза хуьйла цунна) дийцина, АллахІан Элчано (саллаллахІу ІалайхІи ва саллам) олуш хезира шена аьлла: | وَعَنْ عُبَادَةَ بْنِ الصَّامِتِ رَضِيَ اللهُ عَنْهُ قَالَ: سَمِعْتُ رَسُولَ اللهِ ﷺ يَقُولُ: |
| **«АллахІа дуьххьара къолам кхоьллича,** | **إِنَّ أَوَّلَ مَا خَلَقَ اللهُ الْقَلَمَ،** |
| **тІаккха АллахІа цуьнга элира: «ДІаязде».** | **فَقَالَ لَهُ: اكْتُبْ.** |
| **ТІаккха къоламо элира: «ХІай сан Дела, хІун язде ас?».** | **فَقَالَ: رَبِّ، وَمَاذَا أَكْتُبُ؟** |
| **Дала элира: «Къемат-де кхаччалц массо хІуманна Ас йина кхел язъе»», -** | **قَالَ: اكْتُبْ مَقَادِيرَ كُلِّ شَيْءٍ حَتَّى تَقُومَ السَّاعَةُ.** |
| ХІай сан жима кІант, суна хезна хьуна АллахІан Элчано (саллаллахІу ІалайхІи ва саллам) олуш: | يَا بُنَيَّ، إِنِّي سَمِعْتُ رَسُولَ اللهِ ﷺ يَقُولُ: |
| **«ХІокху кхетам тІехь воцуш велларг сох вац».[120]** | **مَنْ مَاتَ عَلَى غَيْرِ هَذَا فَلَيْسَ مِنِّي.** (صحيح: أبوداود: 4700، وصححه الألباني في صحيح الجامع: 2018، وظلال الجنة: 102) |

[120] Сахьихь: Абу Дáвýд: 4700. Албáнис сахьúхь дина «Сахьúхьул-жáмиІ» жайнахь а: 2018, «Зылáлул-жаннахІ» жайнахь а: 102

| | |
|---|---|
| **КхозлагӀниг:** Дерриге хӀуманаш Лекха волчу АллахӀан лаамца бен хуьлуш ца хиларх тешар. | **ثَالِثًا:** الْإِيمَانُ بِأَنَّ جَمِيعَ الْأَشْيَاءِ لَا تَكُونُ إِلَّا بِمَشِيئَةِ اللهِ تَعَالَى. |
| Лекха волчо ма-аллара: **«Ахь ала: «Я АллахӀ, дерриге паччахьалла дерг вара-кх Хьо!** | كَمَا قَالَ تَعَالَى: ﴿قُلِ ٱللَّهُمَّ مَٰلِكَ ٱلْمُلْكِ |
| **Хьайна луучунна паччахьалла луш верг а ву-кх Хьо,** | تُؤْتِي ٱلْمُلْكَ مَن تَشَآءُ |
| **Хьайна луучуьнгара дӀа а доккху Ахь паччахьалла,** | وَتَنزِعُ ٱلْمُلْكَ مِمَّن تَشَآءُ |
| **Хьайна луург сийлахь во-кх Ахь,** | وَتُعِزُّ مَن تَشَآءُ |
| **Хьайна луург сийсаз а во Ахь,** | وَتُذِلُّ مَن تَشَآءُ ۖ |
| **Хьан карахь ду-кх дерриге дика,** | بِيَدِكَ ٱلْخَيْرُ ۖ |
| **баккъал а, массо хӀуманна ницкъ кхочуш ву-кх Хьо»».**[121] | إِنَّكَ عَلَىٰ كُلِّ شَيْءٍ قَدِيرٌ ﴿٢٦﴾﴾ (سُورَةُ آلِ عِمْرَانَ، 26) |
| Кхин а аьлла Лекха волчо: **«АллахӀа массо а дийна хӀума кхоьллина хих,** | وَقَالَ تَعَالَى: ﴿وَٱللَّهُ خَلَقَ كُلَّ دَآبَّةٍ مِّن مَّآءٍ ۖ |

[121] Сурат: А́ли Ӏимра́н, аят: 26

| | |
|---|---|
| **царех ю шайн гайш тӀехь текхаш лелаш ерш а,** | فَمِنْهُم مَّن يَمْشِى عَلَىٰ بَطْنِهِۦ |
| **шина кога тӀехь лелаш ерш а,** | وَمِنْهُم مَّن يَمْشِى عَلَىٰ رِجْلَيْنِ |
| **беа кога тӀехь лелаш ерш а,** | وَمِنْهُم مَّن يَمْشِى عَلَىٰٓ أَرْبَعٍۚ |
| **АллахӀа Шена луург кхуллу,** | يَخْلُقُ ٱللَّهُ مَا يَشَآءُۚ |
| **баккъал а, АлллахӀ ву-кх массо хӀуманна ницкъ кхочуш».[122]** | إِنَّ ٱللَّهَ عَلَىٰ كُلِّ شَىْءٍ قَدِيرٌ ﴿٤٥﴾ (سُورَةُ النُّورِ 45) |
| Кхин а аьлла Лекха волчо: **«Хьан Дала Шена луург кхуллу,** | وَقَالَ تَعَالَى: ﴿وَرَبُّكَ يَخْلُقُ مَا يَشَآءُ |
| **Шен халкъах Шена харжа луург харжа а хоржу Цо,** | وَيَخْتَارُۗ |
| **кхин цхьаьннан а дац иштта харжар,** | مَا كَانَ لَهُمُ ٱلْخِيَرَةُۚ |
| **АллахӀ ЦӀена ву-кх, Лекха а ву цара Цуьнца бечу накъостех!».[123]** | سُبْحَـٰنَ ٱللَّهِ وَتَعَـٰلَىٰ عَمَّا يُشْرِكُونَ ﴿٦٨﴾ (سُورَةُ الْقَصَصِ، 68) |
| **ДоьазлагӀниг:** Массо хӀума кхуллуш верг АллахӀ хиларх тешар. | **رَابِعًا**: الْإِيمَانُ بِأَنَّ اللهَ تَعَالَى خَالِقُ كُلِّ شَيْءٍ. |

[122] Сурат: Нýр, аят: 45
[123] Сурат: Къасас, аят: 68

| | |
|---|---|
| Лекха волчо ма-аллара: **«АллахI ву массо хIума кхоьллинарг».**[124] | كَمَا قَالَ تَعَالَى: ﴿ٱللَّهُ خَٰلِقُ كُلِّ شَيْءٍۖ﴾ (سُورَةُ الزُّمَرِ، 62) |
| Кхин а аьлла Лекха волчо: **«АллахIа кхоьллина ду шу а, аша дийриг а».**[125] | وَقَالَ تَعَالَى: ﴿وَٱللَّهُ خَلَقَكُمۡ وَمَا تَعۡمَلُونَ ٩٦﴾ (سُورَةُ الصَّافَّاتِ، 96) |
| Кхин а аьлла Лекха волчо: **«АллахI ву - стигланаш а, латта а, цушинна юкъахь дерг а ялх дийнахь кхоьллинарг,** | وَقَالَ تَعَالَى: ﴿ٱللَّهُ ٱلَّذِي خَلَقَ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلۡأَرۡضَ وَمَا بَيۡنَهُمَا فِي سِتَّةِ أَيَّامٖ |
| **цул тIаьхьа Iарш тIехь дIанисвелира Иза,** | ثُمَّ ٱسۡتَوَىٰ عَلَى ٱلۡعَرۡشِۖ |
| **шун вац-кх, И воцург, тIехуттун верг а, я шафаIат ден верг а,** | مَا لَكُم مِّن دُونِهِۦ مِن وَلِيّٖ وَلَا شَفِيعٍۚ |
| **кхета ца кхета те шу лолла цхьана АллахIан дан дезаш хиларх?!».**[126] | أَفَلَا تَتَذَكَّرُونَ ٤﴾ (سُورَةُ السَّجۡدَةِ، 4) |

[124] Сурат: Зумар, аят: 62
[125] Сурат: Са́ффа́т, аят: 96
[126] Сурат: СаждахI, аят: 4

| | |
|---|---|
| Я АллахI, салават дилла Ахь Мухьаммадна а, цуьнан охIланна а, цуьнан асхьабашна а, АллахIана бу-кх хастам дуьйлалуш а, чекхдовлуш а. | وَصَلِّ اللَّهُمَّ عَلَى مُحَمَّدٍ وَآلِهِ وَصَحْبِهِ وَسَلَّمَ<br>وَالْحَمْدُ لِلَّهِ أَوَّلًا وَآخِرًا. |
| Я АллахI, Хьайн далар дукха дерг вара-кх Хьо, хIара яздинчунна а, дешначунна а ялсамане ло Ахь. | اللَّهُمَّ يَا عَظِيمَ الْمِنَّةْ<br>هَبْ لِكَاتِبِهِ وَمُطَالَعَتِهِ الْجَنَّةْ |

*«Кхеташ делара-кх сан къам». [Сурат: Ясúн, аят: 26]*

*Хастам бу Шен ниIматашца диканиг кхочуш хуьлуьйтуш волчу АллахIна. АллахIера салават а, салам а хуьйла Iаламех къинхетам бан ваийтинчу вайн Пайхамарна!*